



Evaliyasyon konfòmite CAO fè sou plent anrapò ak envestisman IFC nan Codevi, Ayiti

Pwojè IFC : #34687

1ye avril 2024

Konsènan CAO


Biwo Konseye Medyatè pou Konfòmite a (CAO) se mekanis endependan Sosyete Finansyè Entènasyonal (IFC) ak Ajans Garanti Envestisman Miltilateral (MIGA), ki se manm Gwoup Bank Mondyal. Nou travay pou nou fasilite rezolisyón plent moun ki afekte akoz pwojè IFC ak MIGA yon fason ki jis, sa paspouki pandan n ap mete baz pou lavni, pou nou amelyore rezulta anviwònmantal ak sosyal pwojè yo, e pou ankouraje yo rann kont ak publik la epi pèmèt aprantisaj nan nivo IFC ak MIGA.

CAO se yon biwo endependan ki reponn dirèkteman devan Konsèy Administrasyon IFC ak MIGA. Pou plis enfòmasyon, gade www.cao-ombudsman.org.

Konsènan fonksyon konfòmite CAO a

Fonksyon konfòmite CAO a revize konfòmite IFC ak MIGA anrapò ak politik anviwònmantal ak sosyal, li evalye domaj ki mache avè yo e li rekòmande aksyon koreksyon lè sa apwopriye.

Fonksyon konfòmite CAO a suiv yon apwòch ki gen twa etap ladan I:



Evaliyasyon:

Revizyon preliminè pou detèmine si yon plent oswa yon demann entèn merite yon ankèt konfòmite.

Ankèt :

Detèminasyon sistematik san patipri pou wè si IFC/MIGA respekte politik anviwònmantal ak sosyal e si pa gen domaj ki soti nan pwoblèm konfòmite a

Suivi :

Verifikasyon bonjan enplemantasyon aksyon jesyon yo kòm repons a rezulta ak rekòmandasyon ki soti nan yon ankèt.

Sa ki gen nan dokiman sa a

Konsènan CAO.....	ii
Konsènan fonksyon konfòmite CAO a	ii
Sa ki gen nan dokiman sa a	iii
Sig	iv
Rezime Egzekitif.....	1
Plent anrapò ak envestisman IFC nan CODEVI	1
Repons ekip jesyon IFC a.....	1
Soti IFC a ak desizyon CAO	3
1. Kontèks.....	4
<i>Envestisman IFC nan pak endistriyèl Codevi</i>	4
2. Plent la.....	10
3. Repons Ekip Jesyon IFC a	13
4. Repons Kliyan an.....	14
5. Analiz CAO	14
a) <i>Analiz endis preliminè domaj</i>	15
b) <i>Egzijans pètinan politik anviwònmantal ak sosyal ak analiz konfòmite</i>	17
c) <i>Analiz lyen posib ant akizasyon donaj yo ak posibilité pwoblèm konfòmite IFC.....</i>	20
d) <i>Kondisyon adisyonèl sou evaliyasyon an.....</i>	21
6. Desizyon CAO ak pwochen etap.....	22

Sig

Sig	Definisyon
CAO	Biwo Konseye Medyatè pou Konfòmite (IFC ak MIGA)
Codevi	Compagnie De Développement Industriel, S.A.; Konpayi Developman Endistriyèl
EIA	Evaliyasyon Enpak Anviwònmantal
ERS	Rezime Revizyon Anviwònmantal
E&S	Anviwònmantal ak Sosyal
ESAP	Plan Aksyon Sosyal ak Anviwònmantal
ESDD	Etid Preliminè Anviwònmantal ak Sosyal
ESRP	Pwosedi Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal
ESRS	Rezime Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal
IFC	Sosyete Finansyè Entènasyonal
MIGA	Ajans Garanti Envestisman Miltilateral
OD	Direktiv Operasyonèl Bank Mondyal
PS	Estanda Pèfòmans (IFC)
PCS	Plan Konpansasyon Sosyal
RD	Republik Dominikèn
SII	Rezime Enfòmasyon sou Envestisman
SPI	Rezime Enfòmasyon sou Pwojè

Rezime Egzekitif

Rapò sa pale de evaliyasyon konfòmite yon plent fanmi agrikiltè ayisyen te depoze an 2020 kote yo te fè konnen yo pa t resevwa bonjan konpansasyon aprè yo te mete yo deyò sou tè yo te konn fè jaden an 2002 pou Grupo M te ka fè pak endistriyèl CODEVI. Pou rezon ki rezime annapre yo, CAO rive nan konklizyon plent la merite pou yo fè yon ankèt konfòmite envestisman IFC nan CODEVI an 2014. Menmsi si kliyan te remèt lajan l te prete anvan lè an 2021, CAO dakò yon ankèt bay posibilité pou gen kont ki rann, pou gen leson ki aprann epi pou yo pran aksyon pou korije sitiyasyon an .

Plent anrapò ak envestisman IFC nan CODEVI

Grupo M ak filyal li posede a ki se Konpayi Devlopman Endistriyèl S.A (Codevi) gen youn nan pi gwo operasyon endistri tekstil nan rejon Karayib/Amerik Santral. An 2004, IFC te prete Grupo M 20 milyon dola ameriken pou yo te konsti pak endistriyèl Codevi ann Ayiti e pou yo te konsti yon faktori. An 2014, IFC te pran agajman pou l bay yon lòt finansman pou sipòte Grupo M ki t ap agrandi Codevi pou l gen nouvo batiman ak nouvo ekipman.

Dezyèm envestisman sa te aktif toujou lè CAO te resevwa plent 174 fanmi agrikiltè k ap viv Wanament, Ayiti an 2020. Moun ki te pote plent yo te di yo te sibi gwo enpak parapò ak mwayen yo gen pou yo viv depi yo te fin mete yo deyò sou tè yo te genyen pou fè jaden pou yo te ka fè pak endistriyèl Codevi a an 2002. Nan moman yo te depoze plent sa a, moun ki te pote plent yo pa t resevwa tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a konfòmeman ak angajman ki te pran nan sans sa a nan Plan Konpansasyon Sosyal la (SCP), jan IFC te mande sa kòm kondisyon pou yo jwenn aksè ak finansman an. Moun ki te pote plent yo te deklare Codevi pa t janm enplemant pwogram ki te prevwa nan kad SCP a e yo te vyole dwa yo ak pwoteksyon yo te dwe genyen sou baz Estanda Pèfòmans IFC yo. An jiyè 2020, moun ki te pote plent yo ak gouvènman ayisyen an te mete yo dako sou yon pwotokòl dakò ki te pèmèt moun ki te pote plent yo pou yo te jwenn aksè ak yon tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a e yo t ap vin tounen fèmye leta an 2023. Sepandan, moun ki te pote plent yo te di Codevi te kontinye pa respekte angajman li te pran nan kad SCP a.

Repons ekip jesyon IFC a

IFC afime li fè efò san kanpe depi lè yo te fè evaliyasyon pwojè a an 2003 jis rive lè kliyan te remèt lajan avan lè an 2021 pou sipòte efò kliyan nan enplemantasyon SCP a, epi konvenk Gouvènman Ayiti a sou kesyon tè ki dwe bay kòm ranplasman. Selon IFC, letan pou yo te bay fanmi ki te afekte yo tè a, Grupo M/Codevi te gentan depanse plis pase 200,000 dola ameriken nan aktivite ki sanble ak sa ki nan SCP a, nan benefis moun ki te pote plent yo ak

tout kominote Wanament la.

Ekip jesyon IFC a rekonèt SCP pwojè a pa t fin enplemante atan akoz pwoblèm tè a, ki se responsabilite gouvènman an, ki pa t ka rezoud pandan 20 an. Men li di tou, gouvènman an te bay agrikiltè yo konpansasyon pou deplasman ekonomik epi Codevi te vin ajoute sou li nan menm lide metodoloji SCP a ak egzijans anviwònmantal ak sosyal IFC yo ki te aplikab nan moman an.

Selon repos la , tout prè te fin peye an jiyè 2021, e aktyèlman, IFC pa gen okenn rapò ak Grupo M/Codevi.

Analiz CAO

Sou baz revizyon inisyal enfòmasyon ki disponib, evaliyasyon CAO a rive nan konklizyon plent la ranpli egzijans pou yo mennen yon ankèt sou konfòmite selon politik CAO a, jan nou rezime sa pi ba a.

a) Endikasyon preliminè sou domaj, agrikiltè ki pote plent yo sou baz :

- Temwayaj moun ki te pote plent yo ak dokimantasyon IFC ki montre se sèlman an 2023 yo tè ranplasman pou fanmi ki te sibi deplasman aktivite ekonomik yo nan men Codevi sou baz Plan Konpansasyon Sosyal Ayiti 2003 a te vin disponib. Li posib pou sitiyasyon sa a fè agrikiltè sa yo vin pi pòv e pi vilnerab pandan 20 an sa yo.
- Moun ki te pote plent yo temwaye tou yo manke mwayen pou yo ta tabli kominote agrikiltè sou tè ranplasman an e yo pa gen sekrite anrapò tè a. Malgre sa se sèlman an 2023 yo te ba yo tè a, yo egzije yo peye afèmaj depi 2021.

b) Premye endis non-konfòmite IFC ak politik anviwònmantal ak sosyal:

- Li posib pou IFC pa t respekte egzijans Politik Dirabilite pou I travay ak kliyan an sou pwoblèm anviwònmantal ak sosyal yo, nan ka sa pou yo pèmèt agrikiltè ki te deplase yo rejwenn mwayen you yo viv (par. 26), e pou yo rezoud pwoblèm sa yo pi byen (par. 28). Bonjan evaliyasyon, pa egzanp atravè yon odit anviwònmantal ak sosyal ki respekte Nòt Oryantasyon pou PS1 (par. GN30), te dwe cheche tabli fason pou yo pèmèt agrikiltè ki afekte yo rejwenn mwayen yo pa t nesesè ankò.
- Nan abòde pwoblèm anviwònmantal ak sosyal yo, li posib pou IFC pa t asire I kliyan te byen evalye risk ki soti nan lòt aktè (par. 23, Politik Dirabilite), nan ka sa a Gouvènman Ayiti a ki manke kenbe angajman I pou I bay tè an ranplasman yo nan kad SCP a.

c) Li posib pou domaj moun ki pote plent yo gen rapò ak non-konfòmite potansyèl sou bò IFC , sou baz konsiderasyon ki vin apre yo:

- Kad travay dirabilite IFC a chèche evite epi diminye efè domaj ki gen nan plent sa a lè li aplike egzijans nan Politik Dirabilite a pou pwojè yo.
- Dokimantasyon ki disponib yo te jwenn nan evaliyasyon pwojè Codevi II a an 2014 montre li posib nan ane 2002 IFC pa t deside pran aksyon oswa egzije kliyan li a pou I fè sa anrapò ak deplasman ekonomik agrikiltè yo. Yo te apwouve pwojè a 12 zan apre yo te mete agrikiltè yo deyò sou tè yo san yo pa t ba yo yon lòt tè pou ranplase I. Li lojik

pou nou kwè yon desizyon konsa IFC pran gen rapò ak domaj fanmi agrikiltè ki pote plent yo pale de li a.

Soti IFC a ak desizyon CAO

Piske kliyan te peye tout sa li te dwe IFC anvan lè an Jiyè 2021, CAO dwe konsidere sa ki vin apre a: "pou kèlkeswa pwojè ... kote IFC/MIGA retire kò l nan moman CAO ap fini evaliyasyon konfòmite l, depi yon yon ankèt ap itil sou kesyon rann kont, aprantisaj, oswa aksyon koreksyon menmsi IFC/MIGA pa la ankò" (par. 92, Politik CAO).

CAO kwè nan ka sa a, yon ankèt t ap itil anpil. An patikilye, li t ap pèmèt IFC aprann kèk lesion sou zouti ak mwayen k ap nesesè pou asire yo pran an kont konsiderasyon ki rete pou fèt nan kesyon anviwònmantal ak sosyal nan ka envestisman ki repete ansanm ak kliyan yo; bay sipò pou bonjan enplemantasyon konsiderasyon anviwònmantal ak sosyal nan sitiyasyon frajil e ki sibi enpak konfli; ede garanti moun k ap pran desizyon yo gen bonjan enfòmasyon sou pwoblèm anviwònmantal ak sosyal nan sitiyasyon sosyo-politik difisil; epi bay posibilité pou yo rann IFC konn ak lòt opòtinite pou travay an kolaborasyon ak lòt moun, pou repare tout domaj moun ki pote plent yo sibi ke yo rive verifye nan pwosesis ankèt la.

CAO pral fè yon ankèt sou konfòmite anrapò ak envestisman IFC te fè an 2014 nan CODEVI, selon politik CAO a.

Yo dekri Tèm Referans yo nan apenndis yo ansanm ak plent kominate a te depoze ak repons IFC te bay. Pwojè rapò ankèt sou konfòmite a ap fini an Jiyè 2025.

Rapò evaliyasyon sa ap bibliye sou sitwèb CAO a e y ap pataje l ak Konsèy la, Ekip jesyon IFC a, kliyan an, epi ak moun ki te pote plent yo.

1. Kontèks

Seksyon sa a bay yon apèsi sou envestisman IFC yo ki pètinan parapò ak plent sou pwojè Codevi a ak enfòmasyon sou pwoesis evaliyasyon konfòmite CAO a.

Envestisman IFC nan pak endistriyèl Codevi

Grupo M se yon faktori nan Republik Dominikèn (RD) ki gen yon estrateji entegrasyon vètikal e ki fè pwodiksyon an triko oswa ki tise. Grupo M ak filyal li posede a ki se Konpayi Developman Endistriyèl (Codevi) ann Ayiti gen youn nan pi gwo izin fabrikasyon twal nan rejyon Karayib/Amerik Santral la e se yo ki founisè yon seri gwo mak ameriken. Se nan pak endistriyèl Codevi a operasyon sa yo fèt, yon zòn franch nan Wanament sou fwontyè ak RD ki te komanse fonksyone ann Out 2003¹ e ki se konpayi ki anplwaye plis moun ann Ayiti.² Pak la gen plis pase de douzèn santral asanblaj tekstil, plizyè espas biwo, yon espas kafeterya ak lojman, yon sant fòmasyon, yon sant pou timoun, yon santral resiklaj, yon sant sante, yon boutik pou anplwaye yo achte manje, epi yon batiman pou jeneratris yo.³

IFC te bay yon seri prè pandan 11 zan pou te devlope epi agrandi konplèks la, e nou fè rezime yo pi ba a ansanm ak Plan Konpansasyon Sosyal (SCP) ki mache avè l yo te devlope nan premye pwojè a.

2004: Envestisman nan Grupo M pou devlope Codevi

An 2004, IFC te prete Grupo M 20 milyon dola ameriken pou konsti pak endistriyèl Codevi a ansanm ak premye izin li.⁴ Sa te gen ladan l pou yo te konsti yon espas 500,000m² an plizyè faz sou fwontyè Ayiti ak Republik Dominikèn. Premye faz pwogram envestisman an gen ladan l konstriksyon yon espas 150,000m² ki gen ladan l pou yo netwaye teren an epi fè wout san konte enstalasyon sèvis publik yo; yon sant spòtif, espas pou anplwaye, ak biwo pou ladwàn; e se Grupo M ki gen touletwa espas faktori sa yo.

Pandan etap etid avan envestisman an, yo te klase envestisman an nan kategori B sou baz Pwosedi pou Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal Pwojè, ak sou baz evaliyasyon "yon ti kantite enpak anviwònmantal ak sosyal yo ka evite oswa esye diminye grasa resè yon seri estanda, direktiv ak kritè konsèpsyon."⁵ Sepandan, IFC te idantifye afè jwenn tè a ak deplasman aktivite ekonomik ki gen rapò avè l al kòm enpak pwojè a ka genyen. Yo te konsti konplèks Codevi a sou yon tè yo te afème Grupo M nan kad yon akò ak Gouvènman Ayisyen an

¹ "Codevi: Unwavering Vision", TextileWorld.com, 21 September 2017, available at <https://bit.ly/4b9Snjo>.

² Codevi II, Pwojè IFC 34687, Revizyon Enfòmasyon Envestisman (SII), disponib <https://bit.ly/4bfBh3t>.

³ IDB Invest Rezime Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal (ESRS): CODEVI 13683-01– DOMINICAN REPUBLIC, HAITI, disponib nan <https://bit.ly/3vNTxRw>.

⁴ Grupo M, Pwojè IFC nimewo 20744, Summary of Project Information (SPI), available at <https://bit.ly/3HvnOHn>.

⁵ Grupo M, Pwojè IFC nimewo 20744, Rezime revizyon anviwònmantal (ERS) disponib nan <https://bit.ly/3HwU4dd>.

ki t ap dire 25 an, e ladan I gen 45 ekta yo yo te mete mèt tè ak fanmi agrikiltè yo an 2002.⁶ Sou baz sikonstans sa yo, IFC te pwopoze yon “Plan Konpansasyon Sosyal” (SCP) kòm yo mezi pou diminye enpak yo, jan yo dekri sa nan Rezime Revizyon Anviwònmantal Pwojè a (ERS).⁷

Kòm yon konpozant Evaliyasyon Enpak Anviwònmantal Pwojè a (EIA)⁸, SCP a te tabli yon kad travay pou yo te bay mèt tè /agrikiltè yo konpansasyon poutèt deplasman ekonomik yo akoz espwopriyasyon yo an 2002. Selon ERS, Gouvènman Ayiti a te pran angajman pou peye konpansasyon sa e pou yo idantifye nouvo tè pou agrikiltè ki afekte yo e ki decide kontinye fè jaden.⁹ ERS la te di tou Codevi te angaje pou I pase sèt lane ap fè aktivite devlopman kominotè, sa gen ladan I mete sou pye yon pwogram mikwokredi, yon kowoperativ pou agrikiltè nan zòn nan, epi yon fondasyon pou mete inisyativ devlopman kominotè sou pye nan Wanament.¹⁰ (Gade *Bwat 1* pou plis detay pi ba a)

Selon ERS, anvan yo apwouve prè a, yo te redefini SCP a¹¹ selon direktiv operasyonèl (OD) 4.30 (Sou reyenstalasyon volontè).¹² Yo te idantifye nouvo mèt tè yo ak itilizatè yo, e nan nouvo konpozant yo te gen yon mekanis jesyon plent ak detay sou fason biwo kowòdinasyon SCP a ta pral enpleamente dipozisyon ki gen nan plan an anrapò ak konsiltasyon ak agrikiltè ki afekte yo, kominote lokal la ak sosyete civil la. Yo te mete poste rezime plan an pou publik la ka revize ann anglè, espanyòl, ak kreyòl e yo te mete yo sou sitwèb IFC/World Bank Info Shop la ann out 2023.

⁶ Rapò Evaliyasyon CAO, p. 1.

⁷ Grupo M, pwojè IFC nimewo 20744, Rezime Revizyon Anviwònmantal (ERS) disponib nan <https://bit.ly/3HwU4dd>.

⁸ Pandan kliyan an t ap prepare yon konpozant EIA, yo t ap elabore SCP a epi Gouvènman Ayisyen an, CODEVI ak agrikiltè ki te deplase yo te mete yo dakò sou li e yo te tou fè lis responsabilite ak aktivite Gouvènman an ak CODEVI t ap gen pou yo fè (Repons Ekip Jesyon IFC, para. 15).

⁹ SCP a te di: “Gouvènman Ayiti a te responsab peman pwopriyete ki pou pou mèt tè e ki benefisyè tou. Yo te kwè tou peman pou benefisyè ki sou tè yo ta egal ak vale rekòt ki te sou jaden an nan moman yo te mete yo deyo pou OIP a, sou baz evaliyasyon otorite ayisyen yo t ap fè konsènan valè rekòt la.” (SCP p.21) : “Yon pati nan egzekisyon [SCP] a se pou yo distribye tè bay agrikiltè yo (mèt tè ak agrikiltè)” (SCP, p.17) “4.3 Chwazi kote a: Yo te sijere yon kantite pwopriyete kòm opsyon pou yo relokalize benefisyè ki te sou tè a (...) Ekip k ap kowòdone SCP a analize gwochè tè ki nesesè pou konpanse mèt tè yo epi negosye ak Gouvènman Ayiti a pou yon lòt pwopriyete 230,000.00 mèt kare.” (SCP, p. 24). Repons Ekip Jesyon IFC a nan paj 6-7 di : “IFC rekonèt SCP a pay enpleamente alè akoz pwoblèm ranplasman tè a, yon responsabilite Gouvènman an, ki poko janm rezoud apre ventan ”.

¹⁰ SCP pp. 22 ak 33.

¹¹ Amelyorasyon yo te fè nan SCP a se te: jwenn dokiman nan men gouvènman ayisyen avèk detay egzak sou agrikiltè ak lòt moun ki afekte yo, kantite tè ak konpansasyon ak eta peman yo, yon ankèt sosyo-ekonomik pou jwenn done de baz sou moun ki afekte yo, lòt wòl ak responsabilite gouvènman ayisyen, Grupo M, ONG yo, fondasyon Grupo M y ap kreye kounye a, bidjè ak kalandriye enplmantasyon Plan an, mete sou pye sistèm mikwokredi ak kowoperativ la, ansam ak suivi ak evaliyasyon. Li gen ladan I tou pwogram elaj konsiltasyon ak moun ki afekte yo k ap viv Wanament nan SCP a epi enplikasyon nan pwosesis enplmantasyon an.

¹² Anvan entwidoksyon Kad Dirabilite an 2006 la, IFC te aplike politik sovgad Bank Mondyal la , ki gen ladan I OD 4.30 sou reyenstalasyon envelopontè. Gade: <https://bit.ly/3SII001>, ak CAO, Yon revizyon Politik Sovgad IFC yo, 2003, p.13 disponib nan: <https://bit.ly/42ht1vG>.

An septanm, yo te poste SCP ki te fini an pou yo te ka fè revizyon nan nivo lokal, ann espayòl(Dajabon) ak Kreyòl (Wanament), menm jan yo te fè sa Santiago, Republik Dominikèn, e yo te poste tout dokiman yo sou sitwèb Infoshop la.¹³ Nan dokiman revizyon anvan envestisman IFC yo, yo te rive idantifye aksyon ki gen rapò ak Plan Konpansasyon Sosyal la kòm kondisyon pou dekese lajan an.

Bwat 1. Ekstrè egzijans SCP 2003 a ak angajman Grupo M

Tablo 2 : Modèl developman pou Plan Konpansasyon Sosyal Wanament la

Kategori agrikiltè yo	Sipèfisi tè ki pèdi (ekta)	Konpansasyon pou pèt revni Grupò M	Lòt tip asistans Grupò M
I. Pwopriyetè tè prive ki gen papye nan men yo e ki resevwa tout kòb yo nan men Gouvèman Ayiti a pou tè yo (30 moun)	21.36	<ul style="list-style-type: none"> Pwogram Edikasyon/Travay Asistans teknik Asistans ak fòmasyon agrikòl Acha entran ak semans Ijyèn debaz Pwogram kowoperativ Alokasyon 230 000 mèt kare pou aktivite agrikòl 	Konstriksyon <ul style="list-style-type: none"> Kowoperativ agrikiltè Biwo Kowòdinasyon Lekòl teknik agrikilti Enfrastrikti agrikòl Depo santral Inite tretman Materyèl pou reparasyon kay : tòl, briks ak siman
II. Pwopriyetè tè prive ki te refize akò konpansasyon ekonomik jiska 12 out 2003. Yo te pwogramme yon reyinyon ak moun sa yo nan dat 25 septanm kote yo t apral resevwa konpansasyon ekonomik yo (26 moun)	29.37		
III. Moun ki sou tè leta ki te peye taks nan biwo DGI (1 moun)	0.25	<ul style="list-style-type: none"> Pwogram Edikasyon/Travay Asistans teknik Asistans ak fòmasyon agrikòl Acha entran ak semans 	Konstriksyon <ul style="list-style-type: none"> 39 lojman Depo santral 39 latrin 10 kizin Biwo Kowòdinasyon Sant kominotè Legiliz Lekòl Sant detant Kowoperativ agrikiltè Enfrastrikti agrikòl Atelye
IV. Moun ki sou tè ki te konn fè jaden epi peye mèt tè yo chak ane. Yo tout gen resi peman sa yo (24 moun)			
V. Moun ki te konn fè jaden sou tè prive, epi fè echanj pwodui ak mèt tè yo (14 moun)		<ul style="list-style-type: none"> Pwogram Edikasyon/Fanmi Pwogram sio fanm ak timoun Pwogram kowoperativ Alokasyon 16,036.40 mèt kare pou aktivite agrikòl 	

Sous: Plan Konpansasyon Sosyal , Wanament, Ayiti , Konpayi Developman Endistriyèl, CODEVI , septanm 2003, p.23.

¹³ Grupo M, IFC project number 20744, Environmental Review Summary (ERS), available at <https://bit.ly/3HwU4dd>

2006: Restrikstirasyon dèt Codevi

Kòm rezulta pwoblèm finansye Codevi te sibi nan peryòd 2004-2005, IFC te dirije yon restriktirasyon an 2006.¹⁴ Sou baz chanjman kondisyon ki te afekte Grupo M/Codevi, IFC te mande kliyan an pou l revize SCP a antanke yon pati nan pwoesisis restriktirasyon.

Dokiman yo prezante bay Konsèy IFC a sou restriktirasyon pwojè a te di SCP a te yon kondisyon pou ICF prete Grupo M lajan men enstabilite politik, sitiyasyon difisil Grupo M t ap konfwonte ak lòt pwoblèm konfli travay ki te gen nan Codevi te fè enplemantasyon an te pran reta. IFC te di, apre yo fin siyen plan restriktirasyon a, Grupo M t ap refè SCP a parapò ak gwo kantite agrikiltè ki te afekte yo apati estimasyon orijinal yo te fè yo ak lefètke kèk pwogram ak aktivite yo te planifie ka pa ka fèt anko akòz pwoblèm finansye .

Repons Jesyon IFC te bay CAO a note yo te fe diskisyon sou vèsyon revize SCP a avèk Gouvènman Ayiri a an Jen 200, men yo p at janm pibliye l.

Yo te remèt prè ki te fèt an 2004 la an janvye 2016.

2010: Prè ijans

Aprè tranblemanntè an 2010 ki te devaste Ayiti, Konsèy IFC a te apwouve yon pwogram envestisman an ijans pou 35 milyon dola pou ede konpayi prive yo regran aktivite yo. IFC ak òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan ki rele Soros Economic Development Fund te mete ansam pou yo bay 6 milyon dola pou finanse Grupo M¹⁵ pou agrandi pak Codevi a epi kreye nouvo opòtinite travay.¹⁶

Yo te apwouve pwojè a anba otorite delege. Dokiman apwobasyon pwojè a te rekonèt enplemantasyon SCP pou konpanse agrikiltè aktivite ekonomik yo deplase an 2002 te rete an atant toujou, men yo te di tou gouvènman an pa t gen kapasite pou l bay tè e IFC t ap gade lòt opsyon.¹⁷

Grupo M/ Codevi te eye kòb yo te prete a ann out 2017.

2014: Envestisman pou agrandisman Codevi

An 2014, Konsèy IFC a te apwouve yon lòt prè 10 milyon dola ameriken bay Grupo M/ Codevi pou yo kontwi yon nouvo batiman pou yo fè asanblaj rad ki tise epi achte machin espesyalize pou asanblaj rad ki sèd epi pou yo trete operasyon yo. Pwojè Codevi II sa a te gen ladan de batiman ki te kontwi sou yon tè Grupo M déjà genyen nan pak endistriyèl la.¹⁸

¹⁴ IFC The First Six Decades Leading the Way in Private Sector Development A History, 2016, disponib nan <https://bit.ly/4bdaN2x>.

¹⁵ Pwojè # 29864 ak #29598.

¹⁶ "Kreyasyon travay esansyèl pou Ayiti ka rekanpe, se sa PDG IFC a Thunell di", 19 me 2010, disponib ann anglè nan <https://bit.ly/3UabW09>.

¹⁷ Lòt opsyon gen ladan I dedomajman, don materyèl konstriksyon pou nouvo kay oswa reparasyon kay, refè fòmasyon pou agrikiltè ki afekte yo pou yo travay nan izin nan, bay agrikiltè ki afekte yo aksè ak tè Codevi pa sèvi avè yo, epi fè konpayio an achte tè pou agrikiltè yo.

¹⁸ Codevi II, pwojè IFC nimewo 34687, Rezime enfòmasyon envestisman (SII), disponib nan <https://bit.ly/4bfBh3t>.

Selon Rezime Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal la (ESRS), pwoblèm ki pi grav nan kesyon anviwònmantal ak sosyal (E&S) ki asosye ak pwojè a ki gen rapò ak mendèv ak kondisyon travay ki gen ladan lasante ak sekirite nan travay, epi tretman ak dechaj dlo ize sanitè. ESRS te di pwoblèm sa yo te mache ak enpak negatif posib E&S piske yo te spesifik ak sit la e yo te ka rezoud yo apati mezi ki te ka diminye yo, e yo te ajoute yo “pa atann ap gen” pwoblèm nan estanda pèfòmans 5 la (Acha tè ak reyenstalasyon envelopontè) piske pwojè a pa t mande pou yo te achte lòt tè a. Se sak fè, yo te klase pwojè a nan kategori ‘B’ sou baz Politik IFC anrapò ak Dirabilite Anviwònmatal ak Sosyal.¹⁹

Selon dokiman ankèt preliminè anvan envestisman pou Codevi II (ESDD), IFC te rekonèt emplémentation SCP a yo te dakò fè sa fè 10 lane a te enkonplè, paske yo pa t janm emplémentante pwogram pou retabli mwayen agrikiltè yo gen pou yo viv. Sepanda, IFC te jije pat gen nesesite ankò pou pwogram sa yo e se sa k fè yo pa t mande lòt aksyon fèt nan kad sa a:

- Nesesite ijan pou yo retabli mwayen moun yo genyen pou yo viv pou sila yo ki te deplase yo akoz konstriksyon Codevi a an 2002 an te vin pa t la.
- Codevi te ka montre yo te peye kompansasyon pou byen ki pèdi yo ant 2002 ak 2005.
- Kontinye konplete SCP a pa t apwopriye akoz kantite tan ki te pase depi lè moun ye te deplase a e kòm rekonesans lajan Codevi pote Wanament ak travay developman sosyal lòt òganizasyon fè nan patenarya ak Codevi. Travay sa te pwofitab pou moun yo te vle ki benefisyè nan SCP a ak manm fanmi yo pandan ke se pa sèl gwoup moun sa yo li vize.
- Grupo M/Codevi pa lakòz echèk emplémentation SCP²⁰ men li pa gen enterè nan kontinye avè l e li pa t rezonab, 12 zan apre evènman an fin pase, pou fè suivi sou fason pou rezoud pwoblèm yo.
- Malgre senkan efò ki gen ladan I komunikasyon regilyè and komite ki reprezante benefisyè SCP, Codevi, ak gouvènman Ayisyen an, yo pa t rive idantifye yon tè ki apwopriye pou emplémentante pati nan SCP ki gen rapò ak retabli mwayen moun yo gen pou yo viv. Ann avril 2009, Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) te fè konnen komite benefisyè a te separe an dwe gwoup epi negosiyasyon anrapò ak kompansasyon te echwe.
- Te gen yon feblès nan kapasite ki genyen nan gouvènman Ayisyen sou angajman yo pran pou yo bay yon lòt tè.


Dokiman diskisyon IFC a pou Konsèy la anrapò ak pwojè Codevi II a pa t pale de pwoblèm ki te genyen yo e ki te gen rapò ak deplasman aktivite ekonomik ak bezwen pou yo te bay agrikiltè yo tè.

¹⁹ Codevi II, pwojè IFC nimewo 34687, Rezime Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal (ESRS) disponib nan <https://bit.ly/3vMKoZj>.

²⁰ Repons Ekip Jesyon IFC a, p. 6: “IFC rekonèt yo pa t fin emplémentante SCP a alè akoz pwoblèm ranplasman tè a , yon responsabilite Gouvènman Ayiti a ki pa t rezoud pandan prèske ventan.”

Prè sa te remèt an jiyè 2021.

Foto 1. Kalandriye pwojè ak plent



Sa evaliyasyon konfòmite a kouvri ak metodoloji

Evaliyasyon konfòmite²¹ sa rete nan pwoblèm yo mansyone nan plent la ak rapò evaliyasyon CAO a anrapò ak plent la.

CAO te pran desizyon evaliyasyon an ak lòt kritè pétinan ann akò ak politik CAO a. Evaliyasyon an te gen yon revizyon preliminè sou baz enfòmasyon ki vin apre a:

- Plent ak enfòmasyon siplemantè moun ki pote plent yo bay;
- Dokimantasyon pétinan ki gen ladan I evaliyasyon CAO a ak Rapò Konklizon sou Rezolisyon Litij la, Repons Ekip Jesyon IFC a ak deklarasyon kliyan an;
- Dokimantasyon IFC ak kliyan an; ak
- Dokimantasyon piblik ki disponib.

CAO te konsidere enfòmasyon li te prannankominikaston ak moun ki te pote plent yo.

CAO apresye tout moun li site nan Rapò Evaliyasyon Konfòmite sa ki te pataje pwennvi yo, konesans yo ak tan yo ak ekip konfòmite CAO a.

2. Plent la

An mas 2020, CAO te resevwa yon plent (n ap jwenn li nan Apenndis 1) nan men 174 fanmi agrikiltè ann Ayiti nan Wanament, Ayiti, e yo te detèmine li elijib pou pwosesis CAO a. Yo te soumèt plent avèk sipò konseye legal yo . Sou baz revizyon ki te fèt pandan evaliyasyon an, moun ki pote plent yo se te swa agrikiltè yo te mete deyo sou tè an 2002 a epi afème Codevi oswa manm fanmi yo, e chak se pou youn nan twa kategori moun yo idantifye nan SCP a – mèt tè yo, moun ki afème, ak demwatye.

Moun ki pote plent yo te di yo te plante bannann, pwa vèt, pistach ak kann sou tè fètil nan Pittober avan 2002, e tè sa se te mwayen prensipal pou yo te ka viv epi rantre lajan. Selon moun ki pote plent yo, ekspwopriyasyon gouvènman an te fè a ak ranplase yo pat ranplase tè yo te vin fè yo pa t ka viv jan yo te konn viv anko e anpil ladan yo vin paka pran swen tèt yo ak fanmi yo, e nan kèk ka , yo pa t ka voye timoun yo lekòl.

Nan kad Plan Konpansasyon Sosyal (SCP) yo te elabore ak sipò IFC epi gouvènman Ayiti a ak Codevi te dako avè I la, gouvènman an te pran angajman pou I idantifye epi bay aksè ak lòt tè pou ranplase sa ki te pèdi a pou agrikiltè ki te deplase yo. Moun ki pote plent yo te di, an 2014, 10 zan apre yo te siyen SCP a, gouvènman an te fè apantaj 520 ekta pou yo nan komin Ferrier , nan yon zòn yo rele mòn Kas. Sepandan, depi lè sa rive mas 2020, lè yo depoze plent la nan CAO, moun ki pote plent yo te di yo pa t gen okenn dwa oswa kapasite pou yo monte sou tè a. Olye de sa, lè yo te eseye, an plizyè fwa, pou yo monte sou tè, lapolis mete yo deyo ak kout gaz lakrimojèn.

²¹ Politik CAO, par. 88.

Selon plent la , gouvènman ayisyen an te di fanmi agrikiltè yo pat ka monte sou tè toutotan yo pa t mete enfastriki pou kaz sou yo.²² Moun ki pote plent yo te kwè yo te vann tè yo te kite pou yo a a moun ki te ka bay pi gwo kòb e se yon seri moun ki pat gen dwa legal sou tè a ki te monte sou li.

Pandan pwosesis evaliyasyon CAO a, ann out 2020, Gouvènman Ayiti a ak konseye legal moun ki pote plent yo te fè CAO konnen yo te gen negosiyasyon dirèk konsènan tè yo te dwe bay kòm ranplasman a nan Mòn Kas. Sa te vin debouche sou yon Pwotokòl Dakò, nan dat 28 jiyè 2020, ki te rekonèt dwa moun ki pote plent yo pou yo jwenn tè sa a antanke femye leta ak benefisyè SCP a. Kantite tè a te rive 174 ekta, oswa yon ekta pou chak fanmi, ansanm ak 38 ekta pou pwojè agrikilti kominotè ak 20 ekta pou konseye legal moun ki pote plent yo.

Moun ki pote plent yo ak Codevi te anbake nan yon pwosesis rezolisyon litij CAO, an janvye 2021, pou yo te pale de pwoblèm ki te rete pou rezoud yo. Ni IFC, ni Gouvènman Ayiti a te patisipe kòm obsevatè. Moun ki pote plent yo te vle pou Codevi respekte angajman ki te rete pou respekte nan Plan Konpansasyon Sosyal la, sa gen ladan I bonjan konpansasyon pou rekòt ki pèdi ansanm ak sipò teknik ak finansye pou kontwi yon vilaj ansanm ak aktivite agrikiltè moun ki pote plent yo sou nouvo tè yo (sa gen ladan I yon nouvo kowoperativ agrikòl).

CAO te konkli ap pwosesis rezolisyon konfli a an me 2023 apre yo te resevwa yon lèt nan men moun ki pote plent yo kote yo te di yo pa t aksepte kondisyon Codevi te bay yo, paske pou yo, diskisyon te jis rete sou sa ki te pase, epi yo pa t pran an kont diskisyon pou yo ta kontinye ba yo sipò. Selon pwennvi moun ki te pote plent yo, Codevi te montre depi anvan li pa t ka mete sou pye pwogram sosyal ak teknik ki nan SCP a paske gouvènman an pa t bay benefisyè SCP a yon lòt tè pou ranplase sa yo te pèdi a. Kounye a yo resi gen yon tè nan Mòn Kas, yo te espere Codevi pral mete pwogram sa yo sou pye. Pandan yo te konprann konpayi te mete yon seri pwogram sou pye ki te pwofitab pou tout kominate Wanament la, yo te di, piske yo te vin abite yon lòt kote, yo te nan yon pozisyon diferan parapò ak rès kominate a e yo te dwe jwenn yon sipò anplis e ki patikilye . Yo te pale tou de fristrasyon yo parapò ak mank angajman sou wòl ak patisipan konseye legal yo a nan pwosesis rezolisyon konfli a.

Yo te transfere plent la bay fonksyon konfòmite CAO a pou yo te fè evaliyasyon, ki te kòmanse nan dat 19 oktòb 2023. Pandan evaliyasyon an , moun ki pote plent yo te enfòme CAO yo te jis jwenn posibilité pou yo monte sou tè yo an 2023 men y ap tann pou yo konvèt papye yo yon fason pou yo vin mèt tè yonfwa Palman an rekòmanse travay.

Nan kad Pwotokòl Dakò 2020 an, piske agrikiltè ki e deplase yo vin tounen fèmye

²² Repons Ekip Jesyon IFC, p. 5: "Gouvènman Ayiti a te fè IFC konnen yon lòt apantaj ta dwe fèt pou bay agrikiltè ki deplase yo aksè a tè a, olye pou yo ba yo papye yo, epi ba yo sèvis debaz ak enfastriki."

Leta, yo oblige peye gouvènman an afèmaj pou yo ka sèvi ak tè leta yo ba yo po ranplase tè yo pèdi a nan Mòn Kas

Moun ki te pote plent yo fè CAO konnen, malgre se sèlman an 2023 yo te gen aksè a tè a, yo te egzije agrikiltè yo pou yo peye 1,504,503 goud (apeprè 17,000 dola ameriken nan epòk sa a) an 2021, pou kouvri afèmaj soti 2021 rive 2025. Yo te rekòlte lajan sa a nan men 174 benefisyè SCP yo. Anplis de sa, moun ki pote plent yo te peye gouvènman an kòb apantaj.

Agrikiltè ki afekte yo di yo poko janm ka sèvi ak tè yo ba yo kòm ranplasman an akoz pa gen kloti ak lòt enfrastrikti, sa gen ladan I lekòl ak yon sistèm dlo ak irigasyon k ap fonskyone , ansanm ak mank resous pou yo ka enstale epi konstwi kay yo.

3. Repons Ekip Jesyon IFC a

Repons IFC bay moun ki pote plent la, ki nan Apenndis 2, kouvri peryòd depi evaliyasyon premye envestisman an nan pak endistriyèl Codevi a an 2003, rive nan lè kliyan an te peye lajan an anvan lè an 2021. Pandan tan sa a, IFC te sipòte pèfòmans sosyal la pwojè a epi li cheche rezulta pou agrikiltè aktivite ekonomik yo te fòse deplase ansanm ak fanmi yo, sa gen ladan I visit sipèvizon kliyan an sou teren pou sipòte enplemantasyon SCP a ak reyinyon ak gouvènman an pou rezoud pwoblèm tè ki ddwe ranplase a. IFC te note tou li te sipòte pwosesis pou rezoud konfli CAO te mennen an.

IFC pran nòt pwoblèm ranplasman tè a te pèsiste pandan tout peryòd envestisman Covid a nan yon kontèks enstitisyonèl ak politik ki difisil anpil. Sa gen ladan I koudeta an 2004, tranblemanntè an 2010 ak 2021, pandemi kovid la, asasina prezidan an an 2021, ak sitiyasyon sekirite a ki deteryore. Kòm rezulta, IFC te konkli apati me 2023 li te eseje tout opsyon posib pou l te kontinye enplemantasyon SCP a ak moun ki konsène yo.

IFC te eksplike enplemantasyon SCP a te depann de gouvènman an ki pou bay tè ranplasman ki apwopriye pou agrikiltè ki afekte yo ka viv sou li, kit se pou yo fè jaden pou yo manje, kit se pou gade bét oswa lòt aktivite ekonomik. Reta nan bay tè ranplasman sa a akoz enstabilitè politik ak mank kapasite anndan enstitisyon gouvènman an, te kreye kondisyon pou Codevi, kliyan an, pa t rive aplike mezi pou diminye enpak nan kad SCP a pou agrikiltè ki te deplase yo te ka benefisyé.

IFC di gouvènman te bay konpansasyon finansyè pou pèt ekonomik agrikiltè ki te afekte yo te sibi ant 2002 ak 2005 e Codevi te vin mete sou li tou, selon metodoloji SCP a ak estanda IFC nan zafè anviwònmantal ak sosyal IFC yo . Akòz yo pa t rekonèt moun afème yo ak demwatye yo kòm moun ki elijib nan lwa konpansasyon Ayiti yo , Codevi te antre nan koze a pou l te bay lajan kòm konpansasyon pou sila yo ki te pèdi rekòt. Yo te kòmanse an 2004 e kòb la rive 77,699 dola ameriken. Pèman sa yo kliyan an te fè te alien ak metodoloji SCP a ak estanda anviwònmantal ak sosyal IFC ki aplikab yo, epi IFC te fè suivi pwosesis la nan kad sipèvisyon pwojè a.

Akoz reta nan idatifikasyon tè kòm ranplasman an, IFC di Codevi te pito chwazi envesti resous yo nan devlopman kominotè Wanament (gade Seksyon 4, Repons kliyan an pou detay). Panda ankèt anvan envestisman 2014 la, IFC te detèmine devlopman kominotè a te

meyè altènativ pou sipòte agrikiltè ki afekte yo ansanm ak kominote a akoz pwogrè ki pat fèt nan distribisyon tè a.

Yonfwa yo te rezoud pwoblèm tè a an 2023, IFC te di nan repons li a Codevi pat nan pozisyon pou l enplemanter kondisyon yo te mete nan SCP depi premye fwa a e aktivite developman kominotè kliyan l la te mete sou pye nan Wanament te ranpli kondisyon kontribisyon yo pou moun ki te pote plent yo. IFC montre agrikiltè ki te deplase yo ki te rete nan zòn pwojè a te jwenn aksè ak inisyativ developman kominotè sa yo.

Finalman, IFC di tout kòb ki te prete yo te remèt an jiyè 2021, e se sak fè, IFC pa gen okenn rapò ak Grupo M/ Codevi.

4. Repons Kliyan an

Kliyan IFC a te bay yon deklarasyon yo te dwe konsidere pandan evaliyasyon konfòmite a, ki nan apenndis 3.

Codevi esplike, malgre kesyon tè se te responsabilite Gouvènman Ayiti an poukout pa l, li te elabore epi aplike yon Plan Konpansasyon Sosyal (SCP) anba direksyon ak oryantasyon IFC, nan objektif pou sipòte agrikiltè ki te afekte yo. Kòm repons ak reta gouvènman an te pran, Codevi te declare li te ogmante objektif SCP yo epi enplemanter pwogram ki gen enpak sou fanmi/benefisyè plan an. Pwogram yo te gen objektif pou ede agrikiltè amelyore pratik yo genyen nan agrikilti epi rantre nan yon kowoperativ pandan lòt inisyativ ki pi laj yo cheche bay sipò pou fanm nan zòn nan, swen sante, alfabetizasyon, ak gwoup ki vilnerab yo ki gen ladan l jèn timoun ak sila ki gramoun yo.

Codevi note, atravè fondasyon Grupo M nan, yo te bay 211,000.00 dola ameriken soti 2002 rive 2006 pou pwogram sa yo ak lòt depans ki gen rapò ak distribisyon tè. Anplis de sa pandan peryòd 2004-2005, kliyan IFC a te depanse 77,699 dola ameriken dirèkteman kòm konpansasyon pou benefisyè SCP yo, ki gen ladan l ni mèt tè ni moun ki sou tè yo.

Kliyan montre peman yo ak aktivite sa yo te depase atant nan SCP a e yo te kontribye nan developman ekonomik akkalite lavi nan Wanament ak nan nò Ayiti.

5. Analiz CAO

Seksyon sa a rezime analiz CAO fè sou plent la sou baz rechèch, revizyon dokiman ak konvesasyon ki fèt ak IFC ansanm ak moun ki pote plent yo. Li prezante analiz twa kritè evaliyasyon ki dwe ranpli pou CAO detèmine si li nesesè pou yo fè yon ankèt sou konfòmite. Kritè sa yo se:

- Eske te gen endis preliminè domaj oswa posibilité pou gen domaj;
- Èske te gen endis preliminè IFC/MIGA pa t respekte politik anviwònmantal ak sosyal; epi

- Èske domaj yo pale a ta gen rapò ak pwoblèm konfòmite IFC yo ta ka idantifye.²³

Sou baz analiz ki vin apre a, CAO rive nan konklizyon plent agrikiltè yo anrapò ak envestisman IFC te fè nan Codevi an 2014 la ranplo kritè pou yon ankèt sou konfòmite.

a) **Analiz endis preliminè domaj**

Yon evaliyasyon konfòmite CAO nesesè pou yo detèmine si yon plent gen "endis preliminè sou domaj oswa domaj ki ka egziste."²⁴ Jan yo te detaye sa anvan, moun ki pote plent yo te pale de enkyetid yo genyen parapò ak konpansasyon ki pa t apwopriye parapò ak mete yo te mete yo deyo sou tè yo te konn travay yo pou yo te ka konstwi pak endistriyèl Codevi a, yon pwojè IFC finanse. CAO rive nan konklizyon gen endis preliminè konsènan domaj moun ki pote plent yo sibi akòz pwojè Codevi II a sou baz:

- Temwayaj moun ki te pote plent yo ak dokimantasyon IFC ki kore deklarasyon yo e ki montre tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a te vin disponib pou agrikiltè ki te afekte yo an 2023. Kòm konsekans, selon moun ki pote plent yo, pandan plis pase 20 an, fanmi ki te deplase yo pat ka retounen genyen aktivite travay latè, e kèk te oblige afème lòt tè pou yo te ka fè jaden. Akoz to povrete ki wo nan mitan agrikiltè ki afekte yo²⁵ kantite lajan pou afème yon nouvo tè vin met yonmlòt pwa finansye ki lou sou do yo e ki fè yo pa ka viv jan yo te konn viv anvan, sa ki vin fe fanmi yo vin pi vilnerab nan domèn ekonomik ak nan domèn sosyal. Temwayaj moun ki pote plent yo montre lòt agrikiltè ki afekte yo te cheche lòt mwayen pou yo okipe tèt yo ak fanmi yo e gen kèk ki pa jam rive rejwenn mwayen yo gen pou yo viv l.

Jan IFC rekonèt sa, absans tè kòm ranplasman te vle di tou Plan Konpansasyon Sosyal – jan gouvènman an, Codevi te dakò sou sa e yo te chita pale sou sa ak lòt moun ki konsène yo – pa t ka enplemante nèt. Objektif prensipal SCP a se te pou bay konpansasyon poutèt enpak pwojè a te genyen sou aktivite ekonomik agrikiltè ki te afekte yo epi devlope mezi ki ka diminye efè sa yo pou yo ka rejwenn oswa amelyore mwayen yo genyen pou yo viv.²⁶ Egzijans IFC a pou SCP a nan envestisman 2004 la ak sipò I nan konsepsyon SCP a²⁷ montre enpòtans plan nan evite epi diminye enpak sosyal sou agrikilte ki deplase yo. Dispozisyon plan an gen ladan I enfrastrikti²⁸ ak ativite pou moun yo rejwenn mwayen pou yo viv ki t ap komanse apati moman yo ta bay agrikiltè ki afekte yo tè pou ranplase tè yo te pèdi a.²⁹ Sepandan, akoz tè sa a pa t disponib, pwogram sosyal ak teknik nan SCP yo ki te la pou moun ki te deplase yo te ka

²³ Politik CAO , par. 91.

²⁴ Ibid.

²⁵ SCP a di : "Gwoup demografik sa a gen yon to povrete ki wo, an konparezon ak popilasyon vil Wanament , akoz rasin nan zòn riral ak vid yo jwenn nan endikatè lasante ak edikasyon ", SCP p. 20.

²⁶ IFC Management Response, p.3.

²⁷ Ibid.

²⁸ Men sa SCP te mete an 2003: "Konstriksyon : yon lekòl teknik , enfrastrikti agrikòl, yon depo santral, materyèl pou reparasyon kay : fèy tòl, blòk ak siman"; "Konstriksyon 39 lojman, depo santral, 39 latrin, 10 kizin, (...) sant kominotè , legliz, lekòl ak sant pou detant (...)", SCP p. 21.

²⁹ Repons ekip jesyon IFC, p. 6.

benefisye pa t fèt. Olye de sa, selon IFC ak kliyan an, yo te ranplase pa aktivite pou tout kominate a. Yon premye revizyon enfòmasyon ki disponib la pa konfime moun ki pote plent yo te benefisye de pwogram pou tout kominate a. Okontré, moun ki pote plent yo deklare yo pa t ba yo okenn fòmasyon teknik parapò ak bezwen yo ni ak sitiyasyon yo. An rezime, sou baz sa moun ki pote plent yo di ak sa IFC wè epi sa dokiman yo montre epi sa kliyan an di sou emplémentation SCP a ki pa konplè, konpansasyon pou espwopriyasyon ki te fèt an 2002 a pa t apwopriye. E anretou, sa te vin gen konsekans negatif sou mwayen agrikiltè ki afekte yo genyen pou yo viv.

- SCP a te gen ladan I dispozisyon sou konpansasyon ekonomik , Grupo M- Codevi a te responsab pou bay agrikiltè ki afekte yo konpansasyon pandan sèt lane.³⁰ Sepandan, an repons ak plent sa a, kliyan te kontinye di asistans finansyè li pat rive pi lwen pase 2006, sa vle di angajman yo te pran pou setan an pa t respekte
- Pandan delè 20 an pou yo te bay tè an ranplasman an, anplis de tan ak enèji ki te depanse pou rive ba yo sa yo te pwomèt yo a³¹ , agrikiltè ki te afekte yo te sipòte kòb pou yo te peye avoka , e yo te retire lajan sa a nan pri tè a lè yo te resevwa I.³² Moun ki pote plent yo pa t ap oblige pran yon avoka si angajman ki te pran depi premye fwa a te respekte alè.
- Malgre yo te vin jwenn aksè a tè a an 2023, moun ki pote plent yo toujou paka sèvi avè l paske manke enfrastrikti – tankou kay, lekòl, ak sistèm agrikilti – ki te sipoze devlope nan kad SCP a.³³ Anplis de sa, gen lòt enfòmasyon ki montre tè yo te espwopriye a te nan zòn ki bay plis rannman nan peyi a³⁴ e moun ki pote plent yo di nouvo tè yo ba yo a pa bay rannman oubyen li pa gen menm vale a pou yo.
- Alòske entansyon otijinal SCP a se pou te bay agrikiltè ki afekte yo papye tè yo,³⁵ Pwotokòl Dakò an 2020 ant gouvènman an ak moun ki pote plent yo rekonèt moun ki pote plent yo kòm fèmye Leta” ki afème tè a.

³⁰ SCP p. 22.

³¹ N ap jwenn de atik ki pale de efò ki te fèt yo nan de media sa yo: "Des paysans de Ouanaminthe dénoncent la prise illégale de possession des terres haïtiennes par la CODEVI", RHI News, 21 August 2022, available at <https://www.rhinews.com/actualites/des-paysans-de-ouanaminthe-denoncent-la-prise-de-possession-des-terres-haitiennes-par-la-codevi/>;

"Des paysans au Nord-Est affrontent la Banque Mondiale et l'Etat haïtien", Widlore Mérancourt, Ayibopost, 23 January 2022, available at: <https://ayibopost.com/des-paysans-au-nord-est-affrontent-la-banque-mondiale-et-létat-haïtien/>.

³² MoU, Atik 4 epi selon akò ant moun ki te pote plent yo ak reprezantan legal yo. Akò ant benefisye SCP yo ak Me Evens Fils, 28 fevriye 2010.

³³ Gade nòt 29

³⁴ "Farmers forced out as global brands build Haiti free-trade area", The Sunday Times, 6 July 2003, available at <https://www.thetimes.co.uk/article/farmers-forced-out-as-global-brands-build-haiti-free-trade-area-kg0fp6t07mj>.

³⁵ SCP, p.17: "Yon pati nan egzekisyon SCP a gen ladan I pou yo fè distribisyon tè bay agrikiltè yo (mèt tè ak agrikiltè)", Repons ekip jesyon IFC, p. 5: An 2020, gouvènman an te fè IFC konnen "yon lòt apantaj dwe fèt pou yo bay agrikiltè ki deplase yo aksè ak tè a, olye pou se papye sèlman pou yo genyen ."

Moun ki pote plent la kontinye afime dispozisyon nan Pwotokòl Dakò sou afè tè a te nesesè akoz absans Palman an , e dwa afèmaj tè a te ka vin konvèti an dwa pwopriyete, nan menm liy ak akò SCP a, yonfwa Palman ayisyen an ta rekòmanse fonksyone. Temwayaj moun ki te pote plent yo di lefètke yo pa sèten si y ap bay moun yo papye tè a se yon sous domaj ki pa janm kanpe paske sitiyasyon yo kounye a ba yo dwa ki limite parapò ak tè yo afème a.

- Anplis de sa, enfòmasyon ki disponib fè kwè yo te egzije moun ki pote plent yo pou yo fè peman demwatye pou te yo te ba yo kòm ranplasman an, depi 2021, (apeprè 17,000 dola ameriken nan epòk la), malgre se jis an 2023 yo te ba yo aksè a tè a e yo toujou paka fè kòb avè l.

b) *Egzijans pètinan politik anviwònmantal ak sosyal ak analiz konfòmite*

Politik dirabilite IFC ki pètinan ak egzijans pwosedî

Envestiman IFC nan Codevi II a te fèt nan kad Politik sou Dirabilite Anviwònmantal ak Sosyal an 2012 (Politik Dirabilite a) ak estanda pèfòmans (PS) – lè yo pran yo ansanm yo rele yo Kad Dirabilite a. Politik dirabilite a di “efò pou fè aktivite envestisman ak konsiltasyon avèk entyansyon ‘pou pa koze domaj’ ak moun ni ak anviwònman an “ se eleman santral nan misyon devlopman IFC a.”³⁶ Pou rive akonpli misyon sa a epi atenn objektif sa yo, yo egzije IFC pou I fè etid preliminè anviwònmantal ak sosyal avan envestisman e li dwe fè sa pou tout aktivite envestisman yo. Pwosesis sa dwe pwopòsyonèl ak nati, echèl ak etap biznis la ladan I e li dwe mache ak nivo risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal. Kote gen enpak anviwònmantal ak sosyal ki enpòtan e ki asosye ak aktivite biznis la, sa gen ladan I enpak moun te lakòz oswa yo lakòz pou kounye a, IFC dwe travay ak kliyan I la pou detèmine ki mezi reparasyon li ka mete sou pye.³⁷ Ankèt anviwònmantal ak sosyal preyalab la fè pati de ankèt global IFC fè lè y ap egzamine yon biznis e yo dwe bay Konsèy Administrasyon IFC a li lè y ap prezante envestisman an pou yo ka jwenn apwobasyon.³⁸

An jeneral, ankèt anviwònmantal ak sosyal la gen ladan I revizyon enfòmasyon ki gen rapò ak risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal; enspeksyon sit la al entèvyou ak patnè kliyan an ,lè sa apwopriye; analiz pèfòmans anviwònmantal ak sosyal anrapò ak estanda pèfòmans yo ak lòt sous ki pètinan ; epi idantifye eka nan estanda pèfòmans yo ak mezi pou diminye yo.³⁹ Yonfwa envestisman an fèt, IFC ap enplemente yon pwogram sipèvizon epi revize pèfòmans anviwònmantal ak sosyal kliyan an paraò ak kondisyon anviwònmantal ak sosyal pou envestisman an ak angajman kliyan an. Kote sa pètinan, IFC idantifye epi revize opòtinite pou amelyore pèfòmans anviwònmantal ak sosyal kliyan an. Anfen, si kliyan an pa respekte angajman anviwònmantal ak sosyal li ypo, jan sa parèt nan kondisyon anviwònmantal ak sosyal pou envestisman an , IFC ap travay ak kliyan an pou pèmèt li rejwenn konfòmite nan nivo sa posib.

³⁶ Politik Dirabilite IFC, par. 9.

³⁷ Politik Dirabilite IFC, par. 26.

³⁸ Politik Dirabilite IFC, par. 21.

³⁹ Politik Dirabilite IFC, par. 28.

Si kliyan an pa rive retounen nan konfòmite a, IFC pral oblige pran mezi reparasyon jan sa apwopriye.⁴⁰

Anplis de sa, IFC vle kolabore ak kliyan ki idantifye epi jere risk anviwònmantal ak sosyal e ki cheche opòtinite ak rezulta anviwònmantal ak sosyal nan aktivite biznis yo avèk vizyon pou yo amelyore pèfòmans yo anrapò ak dirabilite. Nan ka kote kapasite kliyan an pou l'atenn rezulta anviwònmantal ak sosyal ki mache ak Estanda Pèfòmans yo ta depann de yon lòt antite, tankou yon aktè nan gouvènman an, IFC, nan kad men m ankèt sa a , ap regade sa kliyan an idantifye kòm risk ki asosye ak twazyèm antite sa epi l'ap detèmine si yo ka jere risk sa yo, e si sa ka fèt nan ki kondisyon, yon fason pou yo jwenn rezulta ki mache ak estanda pèfòmans yo.⁴¹

Egzijans sou Estanda Pèfòmans ki Aplikab

- *PS1: Evaliyasyon ak Jesyon risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal*

Yo mande kliyan IFC yo pou yo idantifye epi evalye risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal ki lye ak pwojè a, pou evite/minimize risk ak enpak sa yo epi, kote ta gen rès enpak ki rete nan kominate yo, bay konpansasyon pou sa. Nivo risk yo ak pwosesis idantifikasiyon enpak yo dwe mache ak bon pratik entènasional yo abitye fè nan sektè a epi detèmine metòd ki apwopriye e ki pètinan ak zouti evaliyasyon yo.⁴² Kote yo pa ka evite risk ak enpak yo idantifye yo, kliyan an dwe idantifye mezi pou diminye yo ak mezi pefòmans epi etabli aksyon ki koresponn pou asire pwojè a ap dewoule nan respè lwa ak regilasyon ki aplikab yo epi respekte egzijan Estanda Pèfòmans 1 yo. Nan ka kote pa gen twazyèn antite ki enplike nan pwojè a men ki pa sou kontwòl dirèk oswa enflyans kliyan an , kliyan an ta dwe idantifye diferan antite ki enplike yo ak wòl yo jwe, risk yo prezante pou kliyan an ak opòtinite pou kolabore ak twazyèm antite sa yo nan lide pou ede yo atenn reziltan anviwònmantal ak sosyal kimache ak EP 1.

- *PS5:Acha tè ak reyentalasyon envelopontè*

PS5 gen objektif pou l'kouvri enpak ki soti nan cha tè a lè yo bay konpansasyon pou byen ki pèdi a nan menm vale kòb ki nesesè pou ranplase sa ki pèdi a epi asire aktivite reyenstalasyon yo fèt yon fason pou moun ki afekte yo gen kantite enfòmasyon ki nesesè, yo konsilte yo epi moun sa yo byen konnen nan kisa y ap rantre a. Li chèche tou pou amelyore, retabli mwayen moun yo genyen pou yo viv oswa nivo lavi yo te genyen. Kote acha tè ak reyentalasyon se responsabilite gouvènman an, kliyan an dwe kolabore ak ajans gouvènmantal ki responsab la pou jwenn rezulta ki mache ak estanda pèfòmans yo. Anplis de sa, kote kapasite gouvènman an gen limit, kliyan an dwe jwe yon wòl aktif nan planifikasyon reyenstalasyon an, emplémentasyon l'ak suivi ki dwe fèt. Pou pwojè ki gen deplasman aktivite ekonomik sèlman, lè mezi ajans gouvènmantal la vle met aplike yo pa mache ak estanda pèfòmans 5 yo, kliyan dwe elabore yon Plan Aksyon Anviwònmantal ak Sosyal pou konplete aksyon gouvènman an, sa ka gen ladan l'konpansasyon adisyonèl pou byen ki pèdi yo ak efò adisyonèl pou rejwenn mwayen pou viv ki pèdi yo.

⁴⁰ Politik Dirabilite IFC, par. 45.

⁴¹ Politik Dirabilite IFC, par. 23.

⁴² PS1 gen ladan lòt deskripsiyon sou metòd pètinan potansyèl ak zouti evaliyasyon. Gen plis detay sou sa nan Nòt Oryantasyon pou PS 1 kòmanse nan paragraph GN. 22. Sitou, gade oryantasyon ki bay nan Odit Sosyal ak Anviwònmantal (GN30).

Aksyon gouvènman an , sa ka gen ladan I konpansasyon adisyonèl pou byen ki pèdi yo ak efò adisyonèl pou rejwenn mwayen pou viv ki pèdi yo.

Analiz endikasyon preliminè sou Politik konfòmite Anviwònmantal ak Sosyal IFC a

Yon evaliyasyon konfòmite CAO dwe konsidere si gen "endis preliminè IFC/MIGA petèt pa t respekte politik anviwònmantal ak sosyal yo."⁴³ An rapò ak pwoblèm yo pale de yo nan plent la ap fè evaliyasyon yo la a, CAO konkli gen endis preliminè ki montre IFC pa t pran responsabilite anviwònmantal ak sosyal yo dekri nan politik dirabilite 2012 la anrapò ak pwojè Codevi II.

Objektif Plan Konpansasyon Sosyal la (SCP) se te pou konpanse agrikiltè ki afekte yo akòz enpak negatif yo sibi nan aktivite ekonomik yo epi devlope mezi ki pou diminye enpak sa yo yon fason pou restore oswa amelyore mwayen yo gen pou yo viv.⁴⁴ Angajman ki pran nan SCP yo te dakò avè I la gen ladan I pou Gouvènman Ayiti a bay agrikiltè ki afekte yo yon tè kòm ranplasman epi pou Codevi bay sipò ak enfrastrikti agrikòl pou pèmèt moun ki te konn travay tè yo te deplase ka rekòmanse fè jaden sou nouvo tè a.⁴⁵ Lòt dispozisyon gen ladan I etabli enfrastrikti pou kay ak pou kominate a yon fason pou fanmi ki afekte yo ka mete sou pye yon kominate agrikòl.⁴⁶ Sepandan, selon dokiman yo, gwo reta nan distribisyon tè a vle di, distans pou IFC te prete Codevi lajan ann ijans apre tranblemanntè a an 2010, IFC te gentan ap konsidere lòt mwayen pou restore mwayen moun yo te genyen pou yo viv.⁴⁷

Katran apre, pandan premye etap etid preliminè anviwònmantal ak sosyal anvan envestisman IFC a (ESDD) pou pwojè Codevi II, dokimantasyon an montre yo t ap konsidere altènativ pou restore mwayen agrikiltè yo genyen pou yo viv. Anplis premye dokimantasyon ESDD a montre IFC te evalye pèfòmans anviwònmantal ak sosyal Codevi a e li te jwenn li pat satisfè ak pèfòmans sa e youn nan rezon yo se te pwosesis pou jwenn tè an 2002 ak risk ki asosye avè yo.

Sepandan, pi lwen nan pwosesis ESDD pou pwojè Codevi li a, dokimantasyon IFC a endike te vin gen yon chanjman, kote IFC te rekònèt yo pa t byen enplemante SCP a men yo te jije lè pou yo te mete sou pye pwogram pou yo restore mwayen moun yo genyen pou yo viv la pase e yo pat bezwen fè anyen ankò. IFC note kliyan an pa t enterese kontinye enplemantasyon SCP a e li pa t rezonab pou apre 12 zan fin pase depi yo te deplase agrikiltè yo pou y ap fè suivi sou restorasyon mwayen moun yo genyen pou yo viv. Jan sa parèt nan repons ekip jesyon IFC a, evaliyasyon IFC a te detèmine aktivite devlopman kominotè Codevi yo se te pi bon opsyon pou sipòte agrikiltè ki afekte yo ansanm ak kominate a an jeneral piske gouvènman Ayiti a bay reta epi li pa fè pwogrè nan kesyon distribisyon tè a. Sepandan, dokimantasyon sou evaliyasyon an pa dekri okenn analiz IFC pou di si objektif pou restore mwayen moun yo gen pou yo viv jan yo te mete sa nan SCP a te atenn, nan lide pou yo rive nan konklizyon sa yo.

Sou baz sa ki di anvan an CAO jwenn:

⁴³ Politik CAO, par. 91.

⁴⁴ Repons Ekip Jesyon IFC, p. iii.

⁴⁵ SCP p. 31: "Enplemantasyon an ap fèt pandan yon peryòd setan, k ap komanse ann oktòb 2003 e l ap fini ann oktòb 2010, pou yo ranplase pyebwa ak rekòt sou yon sipèfisi 246,036.40 mèt kare . Nan fen peryòd sa a , benefisyè yo ap ka jere epi kenbe ak kalandriye diferan konpozant devlopman yo ."

⁴⁶ Gade nòt 29.

⁴⁷ Gade nòt 17.

- Li posib pou IFC pa t respekte egzijans Politik Dirabilite (paragraf 26) pou l travay ak kliyan an sou pwoblèm anviwònmantal ak sosyal (nan ka sa a, restorasyon mwayen agrikiltè ki deplase yo genyen pou yo viv).
- Li posib pou IFC pa t respekte egzijans Pilitik Dirabilite (para. 28) pou te byen evalye pwoblèm sa yo, pa egzanp atravè yon Odit Anviwònmantal ak Sosyal ki mache ak oryantasyon yo bay nan Nòt Oryantasyon pou PS 1 (para. GN30), nan etabli restorasyon revni agrikiltè ki te afekte yo pa t nesesè ankò.
- Li posib pou IFC pa t asire l, nan rezoud pwoblèm anviwònmantal ak sosyal yo, kliyan an te byen abòde risk ki gen rapò ak twazyèm antite a jan yo mande sa nan Politik Dirabilite a (para. 23). Nan ka sa a Gouvènman Ayiti a ki pa kenbe angajman al pou l bay tè kòm ranplasman jan sa fè pati mezi ki nan SCP a pou konpanse epi bay posibilité pou restore mwayen agrikiltè ki deplase yo genyen pou yo viv reprezante risk ki asosye ak twazyèm antite.
- Echèk posib IFC a pou l pran ankont risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal ki asosye ak deplasman ekonomik an 2002 a e ki vin fè Konsèy la te apwouve pwojè Codevi II an 2014 san pa t gen eleman ESAP ki te ka soti parapò ak rezulta ESDD , jan politik Dirabilite a te egzije sa (para. 21).
- Li posib pou IFC te echwe nan mande kliyan l la pou l evalye epi diminye/konpanse nenpòt rès enpak anvan l te fin peye prè a, selon egzijans PS1 an.

c) Analiz Iyen posib ant akizasyon domaj yo ak posibilité pwoblèm konfòmite IFC

Finalman, yon evaliyasyon konfòmite CAO dwe konsidere si “ domaj yo pale a ta gen rapò ak pwoblèm konfòmite ki ta ka egziste a.”⁴⁸ Nan detèmine si gen yon rapoò, CAO konsidere relasyon ant pwoblèm konfòmite ki ta ka egziste a ak domaj yo pale a san l pa mande prèv ki montre se pwoblèm konfòmite a ki lakòz oswa ki kontribye ak domaj la.

Nan ka sa a, CAO konsidere gen yon rapò posib ant sa moun ki pote plent yo di ak pwoblèm konfòmite IFC a ki ta ka egziste anrapò ak pwojè Codevi II a ki te fèt an 2014, pandan l ap note endis preliminè anrapò ak domaj yo idantifye nan evaliyasyon konfòmite sa a se tip pwoblèm Kad Dirabilite IFC a ap cheche evite, diminye, epi konpanse lè l aplike agzijans politik dirabilite yo nan pwojè a. Agrikiltè yo di angajman ki te pran nan kad SCP a pa t respekte , e yo pa t janm ba yo konpansasyon ki apwopriye aprè yo te mete yp deyo sou tè yo te konn travay la pou yo te fè espas pou pwojè iFC te finanse a. Kòm rezulta, yo fè konnen nivo povrete yo ak vilnerabilite yo vin ogmante pi plis.

Dokimantasyon ak enfòmasyon ki disponib yo montre ESDD IFC a pou envestisman Codevi II a rekonèt mank emplémentasyon angajman SCP, an parikilye yo pa t bay tè pou ranplasman e se sak fè mezi pou restorasyon mwayen agrikiltè yo genyen pou yo viv pa t rive emplémentante jan yo te prevwa sa. Poutan, IFC te rive pa kontinye ak pati sa – swa pou l t mande bonjan etid ki te ka konfime yo p at bezwen mezi pou restorre mwayen moun yo genyen [pou yo viv, swa ou yo ta mande kliyan an pou l pran lòt aksyon aksyon tankou kontinye fè suivi ak gouvenman Ayiti a. Li posib pou desizyon pou yo pa pran oubyen pa mande lòt aksyon gen rapò ak domaj fanmi

⁴⁸ Politik CAO, par. 91.

agrikiltè ki pote plent yo pale a.

d) Kondisyon adisyonèl sou evaliyasyon an

Selon politik CAO a , yon evaliyasyon konfòmite CAO dwe pran an kont yon seri konsiderasyon adisyonèl.⁴⁹ Nan ka sa a, lefètke kliyan te peye tout balans li te rete pou IFC yo alavans an jiyè 2021CAO dwe konsidere sa ki vin apre yo:

Pou tout pwojè oswa soupwojè kote IFC/MIGA te retire kò ⁵⁰ nan moman CAO ap fini ak evaliyasyon konfòmite a, kote yon ankèt te ka itil nan kesyon rann kont, aprantisaj ak aksyon reparasyon menmsi IFC/MIGA retire kò I.⁵¹

CAO te konkli malgre Codevi te peye dènyè prè la la anvan lè sa ki vin fè IFC pa gen okenn rapò ak Grupo M/ Codevi, ankèt la garanti. CAO konsidere leson kle nou ka tire nan yon egzèsis pou rasanble tout sa ki te pase epi evalye pwoblemon konfòmite ak domaj ki soti nan pwoblèm yo pale de yo nan plent la, avèk yon vizyon pou yo rann IFC pi efikas nan pwojè ki gen menm kontèks yo. Men domèn nou dwe konsidere:

- **Jistifikasyon ki baze sou prèv pou yo rezoud pwoblèm konfòmite k ap pèsiste :** nan moman IFC t ap fè ankèt anviwònmantal ak sosyal preliminè pou pwojè Codevi II a an 2014, IFC te konkli lè pou yo te retabli sous lajan moun yo te pase e sa te bay kliyan yon rezon pou I pa t ranpli obligasyon nan kad SCP a. Yon ankèt te ka bay IFC eklèsisman sou zouti ak mwayen ki nesesè pou asire, nan kontèks envestisman repete ak kliyan yo, lòt konsiderasyon anviwònmantal ak sosyal dwe rezoud, kit se nan sityasyon sa a , kit se nan sityasyon ki sanble avè I.
- **Gade risk twazyèm antite a nan peyi ki nan klasifikasyon FCS Ia:** Repons ekip jesyon IFC a pale de sipò san kanpe li bay pou kwasans sektè prive a ak envestisman yo ki gen ladan I Grupo M/Codevi ann Ayiti, malgre gwo pwoblèm ekonomik ak sosyal pou preske tout peryòd ventan relasyon finansyè sa a (2003-2021). IFC te di, rive 2030, 40% angajman anyèl yo t ap elijib pou peyi ki elijib pou Asosiyasyon Developman Entènsyonal (IDA) e ki klase nan kategori peyi ki frajil e ki gen konfli ki afekte yo (FCS)⁵², e Ayiti kalifye pou toulede. Nan ka sa a, yon envestigasyon t ap pèmèt yo tire lesон pou lè IFC ap aplike estrateji Gwoup Bank Mondyal la pou Frajilate, Konfli ak Vyolans (FCV) 2020-2025, ki gen kòm objektif pou amelyore efikasite WBG pou sipòte peyi yo nan fason y ap rezoud faktè ak enpak FCV yo epi ranfose rezilyans yo, sitou pou popilasyon ki pi vilnerab e ki pi majinalize yo. Sitou, ni estrateji , ni apwòch IFC a gen ladan yo nesesite pou yo respekte sovgad anviwònmantal ak sosyal yo pandan anmenmtan yo rekonèt gen pi gwo risk anviwònmantal ak sosyal e yo bezwen pi fleksib nan fason y ap aplike

⁴⁹ Politik CAO, par. 92.

⁵⁰ Nan Politik CAO a, yo define soti IFC a konsa: "Pou nenpòt ki pwojè, se dat ki rive anvan ant (i) lè yo sispann finasman an , envestisman an oswa rapò konsiltasyon ak kliyan an pou pwojè a selon akò pwojè ki aplikab yo; oubyen (ii) lè pwojè a sispann egziste, oubyen IFC pa kontinye ak pwojè aprè Konsèy la apwobasyon pou sa.

⁵¹ Politik CAO, par. 92a.

⁵² Gade <https://www.ifc.org/en/what-we-do/sector-expertise/fragile-and-conflict-affected-situations>.

sovgad sa yo.⁵³⁵⁴ Ka sa a te ka ede IFC nan apwòch li pou l rezoud pwoblèm anviwònmantal ak sosyal yo kote kapasite kliyan an fèb , gouvenman enstab, ensekirite gaye epi gen risk pou yo eksplwate moun ki pi vilnerab yo.

Nan menm lide a, yon ankèt CAO nan ka sa a ta ka bay IFC oryantasyon sou fason pou l jwenn ekilib ant nesesite pou yo fleksib na rezoud bezwen ki pi ijan yo nan moman ki apwopriye a epi transparans nan enfomasyon yo bayKonsèy la oswa antite yo delege otorite pou pran desizyon nan kad pwojè a.

Pi lwen toujou, nan vizyon CAO, gen rezon pou yo fè yon ankèt paske sa pèmèt enstitisyon an rann kont. Prèske 20 an pre premye prè IFC te bay Grupo M nan, kominate ki afekte yo kontinye afime yo te sibi domaj e yo kontinye ap sibi domaj, e yo mande pou restorasyon mwayen yo genyen pou yo viv piske yo te sibi spwopriyasyon an 2002. Piske IFC te jwe yon gwo wòl nan devlopman Codevi - sa gen ladan l enplikasyon l nan elaborasyon Plan Konpansasyon Soayal al an 2003- yon ankèt CAO te ka ede konprann enpak negatif tout pwoblèm konfòmite bay, e li te ka konsidere mwayen li te ka sipòte rezolisyon enkyetid agrikiltè yo toujou genyen, pandan y ap travay nan tèt kole ak lòt, yon fason ki pètinan e ki apwopriye.

Pou dosye a ka konplè, yo prezante yon analiz chak konsiderayon yo nan kad politik CAO, paragraph 92, nan apenndis 4 la.

6. Desizyon CAO ak pwochen etap

Piske kritè evaliyasyon yo respekte epi yo te byen konsidere eleman ki nan paragraph 92a a , CAO pral fè yon ankèt konfòmite anrapò ak envestisman l nan Codevi selon politik CAO a.

Yo dekri tèm referans pou ankèt sa a nan Apenndis 5 nan rapò sa a. Pwojè rapò ankèt konfòmite a ap fini an janye 2025.

Rapò evaliyasyon sa a ap pibliye sou sitwèb CAO a e y appataje l ak Konsèy la, ekip jesyon IFC a, kliyan IFC a ak moun ki pote plent yo.⁵⁵

⁵³World Bank Group Strategy for Fragility, Conflict, and Violence 2020–2025 (Rezime Egzekitif) - <https://documents1.worldbank.org/curated/en/832821582824032543/pdf/Executive-Summary.pdf>.

⁵⁴ IFC, Generating Private Investment in Fragile and Conflict-Affected Areas - <https://www.ifc.org/content/dam/ifc/doc/mgrt/201902-ifc-fcs-study.pdf>.

⁵⁵ Politik CAO, par. 106.

Apennidis

Apennidis 1 : Plent la

Moun ki ekri lèt la: evens fils

Voye : Jedi 12 mas 2020 5:49:48 AM (UTC+00:00) Monrovia, Reykjavik

Bay: Konfòmîte CAO

Sijè yo pale a: Plent kont IFC/ Bank Mondyal

[Ekstèn]

Bonjou,

Nou menm, 174 fanmi peyizan nan Wanament, Ayiti, ap depose yon plent kont Bank Mondyal konsènan pwojè endistriyèl yo rele CODEVI/ Zòn franch Wanament, Ayiti.

Nou ekri plent sa a nan non 174 fanmi agrikiltè ki viktim ekspwopriyasyon ak twonpri nan men Bank Mondyal, konpayi CODEVI ak Leta Ayisyen.

Nou gen 40 an depi n ap viv nan zòn sa a (Wanament, Ayiti) e nou ka jwenn nou nan



Nou mèt di kiyès nou ye.

Anfèt, an 2002, ann Ayiti, Bank Mondyal te finanse yon pwojè endistriyèl, CODEVI. CODEVI pat gen tè e li te vle yon tè ki te gen fanmi peyizan ayisyen sou li ki t ap viv la epi travay li tou. Peyizan yo pa t vle bay tè a. Gen plizyè manifestasyon ki te fèt e plizyè moun te mouri. Pou yo te ka tabli Wanament/Ayiti, Bank Mondyal te bay kondisyon sila a : se pou peyizan yo deplase yo rejwenn tè yo; Leta Ayisyen te pwomèt tè yo; CODEVI te pwomèt li t ap konstwi kay pou peyizan ki deplase yo. Men tout sa se te mannigans pou retire sa peyizan yo te posede. Paske pou milyonè kapitalis sa a yo, peyizan yo pa moun.

Sepandan, sa fè 18 an peyizan yo pa gen tè, e yo pa ba yo yon lòt kote pou yo rete. Yo pèdi tout jaden yo nan move kondisyon. Yo te ba yo 50 dola ameriken pou rekòt yo epi yo pa janm ba yo yon lòt kote pou yo rete.

Jodi a, apre 18 an, Bank Mondyal, CODEVI, Leta Ayisyen se twa kriminèl ki detwi sèl mwayen fanmii peyizan ayisyen yo gen pou yo viv. Yo tèlman pa sousye de moun, yo bay peyizan yo manti e ki kite yo nan yon mizè rere.

Peyizan yo ap mande tè yo, kay yo te pwomèt yo ak èd teknik.

Bank Mondyal/IFC te resevwa plizyè plent e anyen pa janm fèt. Aprè 18 an yo gen ap fè krim sa a, se reyinyon sou reyinyon epi anyen ankò.

Bank Mondyal/IFC te finanse pwojè kriminèl sa san l pat respekte kondisyon li te mete yo. Bank Mondyal te konnen byen pwòp mechanste yo t ap fe peyizan e li pa di yon mo.

Nou remesye nou davans pandan nou gen espwa plent sa a ap ede peyizan yo rejwenn tè yo ak mwayen yo.

Pou peyizan yo :
Me Evens Fils
Avoka-Mandatè

Apenndis 2: Repons ekip jesyon IFC a

SOSYETE FINANSYÈ ENTÈNASYONAL

**REPONS EKIP
JESYON A PLENT
CAO KONSENAN**

**CODEVI
AYITI- AMERIK LATIN AK KARAYIB**

(PWOJÈ No. 34687)

4 Desanm 2023

Sa dokiman sa a gen ladan l

ABREVIYASYON AK SIG.....	2
REZIME EGZEKITIF.....	3
I. ENTWODIKSYON	5
II. APÈSI PWOJÈ A	5
III. PLENT CAO A.....	6
IV. REPONS EKIP JESYON AN	7
V. KONKLIZYON.....	10
ANÈKS: KALANDRIYE EVÈNMAN YO.....	12
ANÈKS B: KALANDRIYE PWOJÈ A AK ISTWA RELASYON AK GRUPO M.....	13

ABREVIYASYON AK SIG

CAO	Konseye Medyatè nan Konfòmite
ESAP	Plan Aksyon Anviwònmantal ak Sosyal
ESRS	Rezime Revizyon Anviwònmantal ak Sosyal
FCS	Eta ki frajil et ki afekte akoz konfli
GoH	Gouvènman Ayiti
HELP	Pwogram Prè Ijans pou Ayiti IFC International Finance Corporation
INARA	Enstiti Ayisyen Refòn Agrè
MoU	Pwotokòl Dakò
OD	Direktiv Operasyonèl Bank Mondyal
RD	Republik Domonikèn
SCP	Plan Konpasasyon Sosyal
SSV	Vizit Sipèvizon sou Teren
US\$	Dola Ameriken

REZIME EGZEKITIF

- i. Se Sosyete Finansyè Entènasyonal (IFC) ki te prepare repons sa pou pale de pwoblèm yo prezante nan plent bay Konseye Medyatè Konfòmite a (CAO) nan mwa mas 2020 konsènan envestisman IFC a nan Gwoup M S.A. (Grupo M), yon izin rad ki fonskyone selon sistèm entegrasyon vètikal e ki gen biwo prensipal li nan Repiblik Dominikèn (RD). Plent la te gen rapò ak filyal Grupo M posede a ki se, Konpayio Devlopman Endistriyèl (CODEVI oswa Konpayi an; ansanm ak Grupo M, Gwoup la), yon konplèks endistriyèl ann Ayiti ki anndan zòn franch nan Wanament sou fwontyè avèk RD.
- ii. Ayiti gen gwo pwoblem ekonomik ak sosyal e sa gen ladan 1 enstabilite politik ak anpil katastwòf natirèl. Nan klasman Asosiyasyon Devlopman Entènasyonal la (IDA ann anglè) Ayiti fè pati peyi frajil e ki sibi konsekans konfliks (FCS ann anglè). Malgre kontèks sosyopolitik la difisil, IFC kontye bay Ayiti jarèt pou ede sektè prive a grandi¹ epi pou l gen plis envestisman ak gwoup la. IFC te prete Gwoup la nan kad prè A ak B an 2004, 2010 ak 2014. IFC pa gen rapò ak Gwoup la piske yo te fin peye lajan yo te prete yo.²
- iii. An mas 2020, yo te depoze yon plent nan CAO e se yon konseye legal ki reprezante 174 fanmi peyizan yo (Moun k ap fè plent la). Gouvènman ayisyen an te deplase fanmi sa yo ekonomikman an 2002, akoz yo te ekspwpriye 45 ekta tè pou yo te konstwi zòn endistriyèl la, kote CODEVI ye a.³ Nan plent la, yo di moun ki pote plent yo pat resevwa tè kòm ranplasman sa yo te pèdi a ni tou yo pa t resevwa dedomajman sou fòm lajan pou tè ak rekòt yo pèdi yo nan men Gouvènman an, e pwogram yo te planifye yo pa t fèt jan CODEVI te pran angajman pou l fè sa nan Plan Konpansasyon Sosyal la (SCP).
- iv. CAO te wè plent la te elijib ann Avril 2020 e yo te fè yon evaliyasyon pwoblèm nan an Desanm 2020.⁴ Yo te kòmanse yon pwosesis pou rezoud litij la soti desanm 2020 rive me 2023, men yo te kanpe l san yo pa t rive jwenn yon akò e yo te transfere dosye a bay fonksyon konfòmite CAO a.⁵ Rapò final sou konklyzion litij CAO a te soti ann oktòb 2023.⁶
- v. Objektif prensipal SCP a se te pou yo dedomaje peyizan (benefisyè SCP yo) ki te afekte akoz konsekans sa te genyen sou aktivite ekonomik yo epi devlope kèk mezi pou yo ka rejwenn oswa menm amelyore mwayen yo genyen pou yo viv. Reta ki te pran nan ba yo yon tè kòm

¹ <https://www.ifc.org/en/stories/2023/creating-opportunities-for-haiti>

² Gade anèks B pou detay

³ Anrejjistre nan dat 12 mas 2020 <https://www.ao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/HaitiCODEVIII- 01complaint-public.pdf>

⁴ https://www.ao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAOAssessmentreport_CODEVI-01_Haiti_December2020ENG.pdf

⁵ https://www.ao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAO%20DR%20Conclusion%20Report_Haiti%20CODEVI-October%202023_ENG_1.pdf

⁶ https://www.ao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAO%20DR%20Conclusion%20Report_Haiti%20CODEVI-October%202023_ENG_1.pdf

ranplasman, akoz enstabilite politik ak pwoblèm kapasite enstitisyonèl avèk Gouvènman Ayisyen an, te vin kreye kondisyon ki te fè CODEVI pa t ka aplike mezi sa yo ki te nan SCP a e ki t ap bon pou peyizan sa yo ki te deplase pou rezon ekonomik. CODEVI te pito envesti resous yo nan devlopman kominote a nan Wanament atravè yon seri aktivite, sa gen ladan 1 ranfòse kapasite teknik peyizan yo pou yo rive gen pi pgwo pwodiktivite nan domèn agrikòl.⁷ Yonfwa yo te rezoud afè tè a an 2023, konpayi an pa t nan pozisyon pou l egzekite SCP a jan yo te prevwa sa anvan, akoz resous CODEVI te itilize pandan plizyè ane pou sipòte kominote a.

vi. IFC dakò nan moman yo te depoze plent la nan mas 2020, moun ki pote plent yo potko janm jwenn tè ki pou ranplase sa yo te pèdi a, kòm yon eleman nan SCP Gouvènman Ayisyen an. Gen yon Pwotokòl Dakò (MoU) ki te siyen ant Gouvènman Ayisyen an ak moun ki te pote plent yo , men sejis an jiyè 2020 yo te siyen l. Lè sa a yo te idantifye yon seri anplasman tè pou chak gen nan 174 fanmi peyizan yo t ap jwenn yon ekta, nan yon zòn ki rele Mòn Kas. Jan yo te di CAO pandan evaliyasyon an, te gen anpil pwoblèm ki te anpeche MoU a aplike e nan moman sa, yo pa t rive rezoud pwoblem aksè a tè a. Youn nan bagay CAO te jwenn nan pwosesis pou yo te rezoud litij la an me 2023, oun ki te pote plent yo te konfime pou CAO yo te jwenn aksè ak tè nan Mòn Kas pou te ranplase sa yo te pèdi a.

vii. IFC te suiv pwosedi ki aplikab yo, e li te fè bonjan chita pale ak konpayi an e ak Gouvènman Ayisyen an pou yo te ka jwenn rezulta pozitif depi 2002. Sa te gen ladan 1 reyinyon ak ofisyèl nan Gouvènman Ayisyen an epi lèt ekip jesyon IFC te ekri Gouvènman Ayisyen an pou m mande rezoud pwoblem tè ranplasman an, menm jan ak diferan visit sipèvizon ki fèt sou teren (SSV), epi bay pwosesis rezolisyon litij la jarèt. Nan mwa me 2023, IFC pa t gen anyen li te ka fè ankò pou fè moun ki konsène yo aplike sa ki te nan SCP a.

⁷ Pou plis detay gade seksyon IV. C

I. ENTWODIKSYON

1. Sosyete Finansyè Entènasyonal (IFC) te envesti nan Grupo M S.A. (Grupo M) ak lòt konpayi li genyen an ki se Konpayi Devlopman Endistriyèl S.A. (CODEVI oswa konpayi an; ansanm ak Grupo M, Gwoup la) soti 2004 rive 2021 nan kad prè A ak B. Grupo M se yon konpayi ki fonksyone apati yon sistèm entegrasyon vètikal e ki gen biwo prensipal li nan Republik Dominikèn (RD), e CODEVI se konplèks endistriyèl li genyen ann Ayiti. Li nan zòn franch Wanament, sou fwontyè ak RD.
2. An mas 2020 , yon reprezantan legal te depoze yon plent bay Konseye Medyatè Konfòmite a (CAO) nan non 174 fanmi peyizan (moun ki pote plent yo) pou di teren yo te pèdi a te gen gwo konsekans sou mwayen yo gen pou yo viv. Plent la konsène ekspwopriayon Gouvènman Ayisyen an te fè an 2002 pou yo te ka konstwi Zòn Endistriyèl, kote CODEVI ye a.
3. Repons ekip IFC a gen objektif pou 1 bay pwennvi IFC a sou pwoblèm yo pale nan plent ki te depoze bay CAO a.

II. APÈSI PWOJÈ A

4. Devlopman ann Ayiti pa rive fèt akoz enstabilite politik ak plizyè dezas natirèl, sa gen ladan l koudeta an 2004, tranblemanntè an 2010 ak 2021, pandemi COVID la, asasina prezidan ayisyen an an 2021 ak sitiyasyon sekirite a ki dejenere nèt.⁸ Yo klase Ayiti kòm peyi ki resevwa sipò nan men Asosiyasyon Devlopman Entènasyonal (IDA) epi yo klase l kòm peyi ki frajil e ki afekte akoz konfli (FCS).
5. IFC te angaje yon seri envertisman ak Grupo M pou operasyon li ann Ayiti. An Janvye 2004, IFC te prete Grupo M 20 milyon dola ameriken kòm prè A pou 1 te finanse yon pwogram envertisman 41.4 milyon dola Gwoup la te genyen e sa te gen ladan devlopman yon zòn endistriyèl nan Wanament, Ayiti (Grupo M #20744).⁹ An 2010, IFC te prete 6 milyon dola ototal pou de prè A ak B (chak prè te pou 3 milyon dola; EDE CODEVI prè A #29598 ak prè B pou CODEVI B #29864) pou sipòtè strateji Gwoup la pou 1 ka gen plis aktivite kouti ann Ayiti. Envertisman an 2010 te fè pati Pwogram Prè ann Ijans pou Ayiti (HELP) IFC te mete sou pye pou bay prè ann ijans a kliyan ki te deja la nan pòtfèy la apre tranblemanntè ki te frape peyi a an janvye 2010. An 2014, IFC te vin prete yon lòt 10 milyon dola kòm prè A (FCS RE CODEVI II #34687)¹⁰ pou ede Gwoup la ogamante efikasite l nan faktori a ak volim ann Ayiti. An Jiyè 2021, Gwoup te gentan remèt tout sa li te dwe IFC a , sa ki vin fè IFC pa t gen rapò ak Gwoup la ankò.

6. Yo te depoze plent la anrapò ak dènye envertisman IFC te fè a an 2014 (#34687). Yo te rann publik Rezime revizyon sosyal ak anviwònmantal (ESRS) ak Plan Aksyon Sosyal ak Anviwònmantal (ESAP) pwojè a¹¹ an me 2014 kòm yon pwojè kategori B.

⁸ <https://www.worldbank.org/en/country/haiti/overview>

⁹ <https://disclosures.ifc.org/project-detail/SPI/20744/grupo-m>

¹⁰ <https://disclosures.ifc.org/project-detail/SII/34687/codevi-ii>

¹¹ <https://disclosures.ifc.org/project-detail/ESRS/34687/codevi-ii>

Yo te evalye li te gen risk oswa enpak sosyal ak anviwònmantal ki limite, e ki ka ranje fasil depi yo aplike bonjan mezi pou diminye yo.

7. Konplèks endistriyèl CODEVI a bati sou 45 ekta tè ke Gouvènman Ayisyen an te ekspwopriye epi remèt Grupo M nan kad yon akò afèmaj avèk Gouvènman Ayisyen an. Pandan yo t ap konstwi zòn endistriyèl sa an 2002, Gouvènman Ayisyen an te deplase aktivite ekonomik 174 fanmi peyizan, sa gen ladan 1 mèt tè, lokatè ak demwatye.¹²

III. PLENT CAO A

8. An mas 2020, CO te fè IFC konnen gen yon plent ki depoze kont CODEVI. Selon plent yo te depoze nan CAO a, (i) konpansasyon moun ki pote plent yo te resevwa nan men Gouvènman Ayisyen an ak CODEVI a pat apwopriye; (ii) yo pa t resevwa tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a jan Gouvènman Ayisyen an te pran angajman pou fè sa nan kad Plan Konpansasyon Sosyal la (SCP); (iii) lòt aktivite yo planifye nan kad SCP a pa t rive fèt.¹³

9. CAO te wè plent la te elijib ann avril 2020 e li te fè yon evaliyasyon pwoblèm yo an desanm 2020.¹⁴ Pandan evaliyasyon plent la , moun ki pote plent yo ak konpayi a te mete yo dakò pou yo antre nan yon pwosesis dyalòg volontè pou eseye rezoud litij la. Pou yo rive fè sa, CAO te komanse travay anliy ak moun ki konsène yo akoz restriksyon ki te gen sou vwayaj poutè pandemi COVID -19 la ak sitiyasyon sekirite ki t ap vin pi mal ann Ayiti. An me 2022, apre yo te leve restriksyon vwayaj anrapò ak pandemi a, CAO te rankontre ak moun yo an pèsòn, sa ki te rann fasil pou gen yon reyinyon kote tout de pati yo te la. Sepandan, pèsonn pa t ka mete yo dakò sou règ jwèt la. CAO te travay anliy e pandan peryòd jen 2022 ak me 2023, yo te fè plizyè sesyon bilateral. IFC te patisipe antanke obsèvatè nan pwosesis rezolisyón litij la e li te kontinye travay ak kliyan an pou 1 bay pwosesis la jarèt, sa gen ladan 1 reyinyon ak CODEVI ann oktòb 2022. Piske se yon pwosesis ki fèt sou baz volonte moun yo, epi moun ki te konsène pa t vreman ka rive mete yo dakò anrapò ak ki kote dyalòg la dwe tive ak règ debaz pou sa fèt, CAO te kanpe pwosesis rezolisyón an an me 2023¹⁵ e yo te transfere ka a bay fonksyon Konfòmîte CAO a.¹⁶

10. Yon eleman nan konklizyon CAO sou pwosesis rezolisyón litij la an me 2023, moun ki te pote plent yo te konfime pou CAO yo te jwenn aksè ak tè nan Mòn Kas.¹⁷ Moun ki pote plent yo te rekonèt tou CODEVI te ranpli obligasyon yo anrapò ak peman konpansasyon an jan yo di sa nan SCP a.¹⁸ Sepandan yo te fè konprann konpansasyon an pa t apwopriye. Anplis de sa, moun ki pote plent yo ap mande pou CODEVI fè aktivite yo te prevwa nan SCP a.

¹² Over the years the number of affected families has varied from the originally disclosed SCP in 2003 to the present-day CAO complaint, which states that there were 174 families of farmers. This is the number used throughout this document. See Section IV for further details.

¹³ <https://www.cao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/HaitiCODEVIII-01complaint-public.pdf>

¹⁴ https://www.cao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAOAssessmentreport_CODEVI-01_Haiti_December2020ENG.pdf

¹⁵ https://www.cao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAO%20DR%20Conclusion%20Report_Haiti%20CODEVI-October%202023_ENG_1.pdf

¹⁶ https://www.cao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAO%20DR%20Conclusion%20Report_Haiti%20CODEVI-October%202023_ENG_1.pdf

¹⁷ For further detail see section IV.

¹⁸ See p.4 of the CAO Complaint Assessment Report, https://www.cao-ombudsman.org/sites/default/files/downloads/CAOAssessmentreport_CODEVI-01_Haiti_December2020ENG.pdf

IV. REPONS EKIP JESYON AN

11. Repons ki vin apre a òganize an twa seksyon: a) elaborasyon SCP a, b) enplemantasyon SCP a ak pwoblèm ranplasman tè a, c) enplemantasyon SCP a ak aktivite devlopman kominotè.

12. IFC te suiv politik ak pwosedi sosyal ak anviwònmantal ki aplikab yo, e li te pran tan pou l pale ak konpayi an e ak Gouvènman Ayisyen an pou yo ka jwenn rezulta pozitif. Sepandan, pwoblèm tè ki pou ranplase sa ki pèdi a te kontinye pèsiste pandan kontèks politik ak enstitisyonèl yo: te gen ladan yo yon koudeta an 2004, tranblemanntè an 2010 ak an 2021, pandemi kovid la, asasina prezidan an an 2021 ak sitiyasyon sekrite ki te kontinye deteryore.

13. Nan mitan tout pwoblèm sa yo , IFC te kontinye sipòte CODEVI nan efò l pou l aplike SCP a depi evaliyasyon an an 2003 jiskaske kòb ki te prete a te fin peye an 2021. Akoz reta pou ranplase tè yo, sa ki te vin gen konsekans sou kapasite pou respekte angajman SCP ki t ap nan avantaj fanmi agrikiltè ki te afekte yo, IFC te dakò pou yo fè aktivite devlopman yo vin fèt yon fason pou tout kominote Wanament la benefisyé.

14. Apre peman an jiye 2021 an, dyalòg ak CODEVI a te kontinye. Ekip envestisman an te kominike epi rankontre ak konpayi a padan ane 2022 a konsènan pwoesisis rezolisyón litij la, yon fason pou ankouraje jwenn yon solisyon. Sepandan, konpayi an te konsidere yo te ranpli obligasyon anrapò ak moun k ap pote plent yo nan fason yo te fè aktivite devlopman kominotè.

A. Elaborasyon SCP a

15. IFC te mande Gwoup la pou l elabore yon SCP kòm yon eleman nan Evaliyasyon Enpak Anviwònmantal pou envestisman 2004 la (#20744), e li te ede yo pou yo te rive fè sa. Objektif prensipal SCP a se pou te konpanse enpak sou aktivite ekonomik agrikiltè yo e pou devlope mezi ki t ap ede repare oswa amelyore mwayen moun yo genyen pou yo viv. SCP a te suiv egzijans Direktiv Operasyonèl Bank Mondyal la (OD) 4.30 sou reyenstalasyon envelopontè (1990) ki te mezi sovgad aplikab avan pou yo etabli Kad Dirabilite IFC a ak Estanda Pèfòmans yo an 2006. Anplis de sa, kèk aktivite nan SCP a te ale pi lwen pase egzijans OD 4.30 e yo te genyen anpil lòt aktivite devlopman kominotè.

16. Gouvènman Ayisyen an, CODEVI ak agrikiltè ki te deplase yo te elabore SCP a epi yo te mete yo dakò sou li, e li gen ladan l responsabilite ak aktivite Gouvènman Ayisyen an ak CODEVI genyen. Gouvènman an te pran angajman pou peye konpansasyon pou tè ak rekòt ki te pèdi yo epi jwenn yon tè an ranplasman pou peyizan ki te bezwen yon lòt tè — kèk nan agrikiltè ki te gen pi gwo pòsyon tè yo pa t enterese nan nouvo tè a e sa fè yo te pito pran lajan konpansasyon an pito. Sepandan, ti agrikiltè yo ak kèk nan moun ke te sou tè yo ansanm ak demwatye yo , ki te konn sèvi ak rekòt la pou yo bay tèt yo manje epi vann rès la

nan mache, te mande yon tè kòm ranplasman . Grupo M, nan lide pou l fè pwosesis la al pi vit , te mande konsiltan ekstèn ak yon òganizasyon sosyete sivil nan zòn nan, Lekòl Teknik Don Bosco , pou chèche tè pou moun ki te afekte yo.

17. SCP te gen ladan 1 tou plizyè inisyativ ki t ap rive posib yonfwa agrikiltè ki te afekte rejwenn tè yo te ba yo kòm ranplasman an , e sa gen ladan 1 amelyorasyon nan pwodiktivite agrikòl la grasa fòmasyon.

18. Yo te fè reyinyon ak agrikiltè ki te afekte yo an 2003 nan Wanament pou yo te ka byen konprann SCP a. Nan kòmansman an , yo te idantifye 71 agrikiltè kòm mèt tè e chak te gen yon tè ki mezire an mwayèn 0.625 ekta yo te plante pou yo jwenn manje e pou yo vann tou. Gen plis pase san moun yo te idantifye kòm moun ki te afème tè oswa demwatye nan kad reyinyon sou SCP a.

19. Gouvènman Ayisyen an, soti 2002 rive 2005 , te bay agrikiltè yo te idantifye kòm mèt tè yo konpansasyon pou valè tè a ak rekòt yo te pèdi yo. Sepandan, Gouvènman Ayisyen an pa t rive bay lòt agrikiltè ki afème yo ak demwatye yo te idantifye nan reyinyon sou SCP a paske nan règ sou konpansasyon an, moun ki afème ak demwatye pa fè pati moun ki gen dwa resevwa konpansasyon. Se sak fè, CODEVI te vin kòmanse peye konpasasyon siplemantè an 2004, e l te peye yon total 77,699 dola ameriken.¹⁹ Konpansasyon an te vin apre metodoliji/pwosesis SCP a (ki aliyen ak OD 4.30) ak revizyon ki te fèt nan SCP a nan peryòd 2003-2006 e IFC te fè suivi pwosesis la atravè sipèvizon pwojè a.

20. IFC te sipòte CODEVI nan fason yo te fè SCP a vin pi bon, sitou pou yo te aplike mekanis pou jere plent yo.

21. An 2006, pandan yo t ap kontinye fè konprann SCP a, IFC te konseye konpayi an pou l aktyalize SCP pou yo ka mete ogmantasyon kantite agrikiltè ki afekte yo epi ajoute done sosyo-économik debaz yo. IFC te rekòmande konpayi an pou l anboche yon kowòdonatè enplémentasyon SCP a a tan plen, piske te gen yon agajman sou bò nouvo Gouvènman Ayisyen an pou yo rezoud pwoblèm nan. Kòm rezulta, te gen yon nouvo vèsyon SCP ki te devlope an 2007 avèk sipò Teknik IFC a ansanm ak kòmantè l. Lè IFC te fè revizyon pèfòmans kliyan an an 2007, li te note yo te fè diskisyon sou nouvo vèsyon SCP a ak Gouvènman Ayisyen an an 2007.

22. Nan menm liy ak egzijans sou sipèvizon, depi 2002, IFC trè aktif nan fè suivi epi li kontribye pou amelyore developman ak enplémentasyon SCP a, e li fè revizyon sou rapò anviwòmnantal ak sosyal kliyan an regilyèman pandan tan envestisman an. Yo te fè plizyè vizit sipèvizon sou teren(SSV).²⁰ Yo te fè yon kanpe avèk yo aprè tranblemanntè 2010 la, men yo te vin rekòmanse an mas 2011 epi yo te kontinye avè yo jiskaske lajan te vin peye an 2021.

¹⁹ CODEVI states that US\$35,699 was paid directly to SCP beneficiaries as compensation, and that US\$42,000 was paid to GoH, which it then paid to SCP beneficiaries. This US\$42,000 should have been paid back to CODEVI through offset, but according to CODEVI, such an offset never took place.

²⁰ SSVs were conducted in 2003, 2006, 2011, 2014, 2015, 2017 and 2019.

B. Emplémentation SCP a ak pwoblèm tè pou ranplasman an

23. IFC te rive bay CODEVI sipò pou rezoud pwoblèm tè ki te pou bay kòm ranplasman malgre tout pwoblèm politik, tranblemanntè, difikilte finansye ak pwoblèm mendèv.²¹ Sa te rive fèt grasa oryantasyon teknik, anpil visit sou teren ak anpil ale vini ak gouvènman ayisyen an.

- Ann out 2004, IFC te mande Gouvènman Ayisyen an bay dènye nouvèl sou afè tè ki te pou bay kòm ranplasman an, jan sa te di nan SCP a . Yo te fè IFC konnen, tè yo te fin jwenn pou sa a pa t disponib ankò.
- An jen 2007, Enstiti Ayisyen Refòm Agrè a (INARA) te prepare pou l te fè evaliyasyon teknik ak sosyal pou de tè yo te ka sèvi e yo te idantifye epi prezante pwosesis la ak tan sa ka pran pou yo transfere tè yo bay benefisyè yo.
- An oktòb 2007, IFC te fè suivi anko avèk Gouvènman Ayisyen an pou yo pa pèdi okazyon an epi fè demach yo al pi vit pou yo te ka bay agrikiltè ki te afekte yo nouvo tè yo.
- An 2009, diskisyon ant agrikiltè yo, INARA ak CODEVI te sispann piske agrikiltè ki te afekte yo te vin fè plizyè gwoup e yo te vin pa t dakò anko sou mezi SCP yo. Agrikiltè ki te afekte yo te refize tè yo ta pral ba yo kòm ranplasman yo pou plizyè rezon , sa gen ladan yo: (i) distans parapò ak Wanament, (ii) wout pou rive ladan yo pa bon, epi (iii) tè pa t ka fè jaden.
- An 2010, yon tranblemanntè katastwofik te frape Ayiti e tout dokiman gouvènman an te genyen konsènan agrikiltè ki te afekte yo te pèdi, sa ki vin fè pwosesis pou yo bay tè kòm ranplasman an vin pran plis reta.
- An mas 2011 ak fevriye 2014, IFC te fè visit sipèvizon sou teren bay CODEVI pou yo fè suivi sou emplémentation SCP a ki te fon kanpe.
- An 2014, INARA te fè apantaj 520 ekta tè nan yon zòn ki rele Mòn Kas pou l te kòmanse pwosesis distribisyon tè. Sepandan, anpil pwoblèm te vin met pye anrapò ak konfli sou plan tè yo, moun ki monte sou tè a san yo pa t gen dwa sa, san konte menas/revanj ak presyon fòs lòd yo t ap bay pou fè agrikiltè ki afekte yo pa jwenn tè yo atan.
- An 2014, yo te fè revizyon emplémentation SCP a nan kad evaliyasyon prè IFC #34687 te bay CODEVI. Malgre yo te peye mèt tè yo, moun ki afème yo ak demwatye yo konpansasyon pou tè/rekòt ki te pèdi yo, aktivite ki pou te pèmèt moun yo rejwenn mwayen pou yo viv grasa tè pou yo te fè yo jwenn nan ak mèyè pratik pou yo fè jaden pat rive reyalize.
- IFC te fè lòt visit teren nan jen 2015 (se an 2016 yo te peye premye prè a), septanm 2017 ak mas 2019.
- An janvye 2020, moun ki te pote plent yo te pale dirèkteman a IFC de pwoblèm yo te genyen ki pa t kanpe. IFC te fè yon visit sipèvizon sou teren epi li te rankontre ak konseye legal yo ann Ayiti an Fevriye 2020. Apre reyinyon sa a, IFC te fè efò pou pale ak Gouvènman an anrapò ak tè ki pou bay kòm ranplasman an e Gouvènman an te enfòme yo te gen yon lòt apantaj ki te dwe fèt pou yo te bay agrikiltè ki te deplase yo aksè ak tè a, olye pou yo ba yo papye yo, epi yo t ap ba yo sèvis debaz ak enfastrikti. Pandan tan sa a, yo te voye plent la bay CAO.

24. An out 2020, Gouvènman an ak konseye legal moun ki te pote plent yo te enfòme CAO yo

²¹ Although unrelated to the complaint but noteworthy, IFC worked with international labor unions, local labor organizers in Haiti and CODEVI to establish the first unionized plant in Haiti in 2005 (See disclosed Environmental Review Summary for 20744). The learning from this process lead IFC to consider a standard on labor and working conditions as part of the creation of the IFC Sustainability Framework and Performance Standards in 2006.

te siyen yon Pwotokòl Dakò atravè negosiyasyon dirèk an Jiyè 2020, e yo te rekonèt dwa moun ki te pote plent yo genyen pou yo jwenn yon tè nan Mòn Kas kòm fèmye Leta. Moun ki te pote plent yo te konfime pou CAO yo te resevwa yon ekta pou chak fanmi, ak lòt pati nan 520 ekta te sèvi pou lòt konpozant nan pwojè a. Plent yo te bay CAO a te montre te gen kèk pwoblèm konsènan revanj, moun ki monte sou tè san yo pa gen dwa pou fè sa , ak pwoblèm pou rove gen aksè ak tè a , menm an desanm 2020. An me 2023, moun ki te pote plent yo te konfime pou CAO yo tegen aksè ak tè a nan Mòn Kas.

C. Enplemantasyon PCS la ak aktivite devlopam kominotè

25. Soti 2002 rive 2006, CODEVI te depanse apepre 153,000 dola ameriken nan enplemantasyon aktivite kominotè ki anndan PKS la e sa gen ladan 1 pwojè pou:

- Kontwi kapasite teknik nan agrikilti pou benefisyè PCS yo atravè atelye ak sipò finansye.
- Asiste medam yo atravè atelye fòmasyon sou atizana, kizin, kreyasyon biznis, epitou efò pou yo al fè kat idantifikasyon nasyonal yo.
- Bay aksè ak swen sante grasa klinik medical gratis, asistans pou fanm nan zafè sante repwodiktif , epi aksè pou chiriji ak operasyon gratis an RD.
- Amelyore alfabetizasyon e sa gen ladan 1 mete sou pye klas pou aprann granmoun yo li ak ekri.
- Fasilitè jèn yo jwenn travay, kit se atravè fòmasyon pwofesyonèl oswa bous detid ak posiblitite travay anndan CODEVI.
- Sipò pou timoun, sa gen ladan 1 ba yo materyèl lekòl ak inifòm, epi klas mizok ak espò.
- Sipò pou sila ki granmoun yo, sa gen ladan 1 atelye fòmasyon epi asistans ekonomik.
- Sansibilizasyon poun andikape yo, sa gen ladan 1 fòmasyon ak opòtinite travay anndan CODEVI.

26. Anplis de sa, yo te envesti apeprè 58,000 dola ameriken atravè fondasyon Grupo M nan chèche tè pou ranplase sa ki te pèdi a , sa ki fè depans kliyan an te montre 211,000 dola ameriken.

27. Pandan evaliyasyon envestismn 2014 la (#34687), IFC te detèmine aktiviite devlopman kominotè yo se te meyè opsyon disponib yo pou sipòte agrikiltè ki te afekte yo ansanm ak kominote a an jeneral akoz reta epi pwogrè ki pa t rive fè pou Gouvènman an te distribiye tè.

V. KONKLIZYON

28. Pandan IFC t ap fè fas ak diferan defi pandan 20 dènye ane yo, li te fè efò san kanpe depi lè evaliyasyon pwojè a an 2003 alenèt , pou sipòte pèfòmans sosyal pwojè a ann Ayiti. Sa te gen ladan anpil vizit sipèvizon sou teren, visit pou rankontre ofisyèl nan Gouvènman Ayisyen an ak lèt ki soti nan ekip jesyon IFS a pou mande gouvènman an rezoud pwoblèm tè pou yo bay kòm ranplasman an. Yo te siyen Pwotokòl Dakò ant Gouvènman an ak moun ki te pote plent yo an jiyè 2020 e yo te di y ap bay 1 ekta tè pou chak fanmi nan 174 fanmi peyizan yo. Letan pou sa te fèt, konpayi an te met kòb nan yon seri aktivite ki anndan PCS pandan ane yo pou benefis moun ki te pote plent yo ak tout kominote Wanament la.

29. PCS la te depann de Gouvènman an pou bay yon tè kòm ranplasman ki apwopriye, pou bay agrikiltè ki afekte yo yon tè yo ka fè jaden pou yo viv sou li epi mete sou pye agrikilti komèsyal,

elvaj ak lòt aktivite ekonomik. Pandan PCS la al pi lwen pase egzijans OD 4.30 epi li te mete lòt aktivite devlopman kominotè nan PCS la, IFC rekonèt yo pa t enplemante PCS la atan akoz pwoblèm tè a ki te sou responsabilite Gouvènman an, pa rezoud pandan ventan. Sepandan , Gouvènman an te fini pa bay konpansasoton an epi CODEVI te vin ajoute sou li, selon metodoloji PKS la ak OD 4.30. Anplis, CODEVI te bay kapasite teknik pou l te fè atelye sou metòd pwodiksyon agrikòl.


31. Tou kòb ki te prete yo te remèt an jiyè 2021, e IFC pa gen rapò ak Gwoup la kounye a.

ANÈKS A: KALANDRIYE EVÈNMAN YO

Peryòd	Deskripsiyon Evènman an
2003 - 2004	<p>IFC te pran angajman bay yon prè 2 milyon dola a Grupo M pou finanse pwogram envestisman 41.4 milyon dola ameriken gwoup la , ki gen ladan 1 devlopman Zòn Endistriyèl CODEVI a nan Wanament, Ayiti (Grupo M #20744). Rezime Revizyon Anviwònmantal la pou prè 2004 la te pibliye an me 2023 e yo te klase pwojè a nan kategori B.</p> <p>Yon eleman nan etid preliminè pou evaliyasyon IFC mande a egzije pou kliyan an elabore yon SCP poiu rezoud pwoblèm deplasman ekonomik selon OD 4.30 ki te anplas nan moman an.</p> <p>An 2003, yo te fè yon SSV, e pandan vizit sa a, IFC te fè bonjan suivi aktif e li te kontribye pou amelyore devlopman ak emplémentasyon SCP a. An 2003, yo te fè reyinyon ak benefisyè yo nan Wanament pou fè yo familyarize yo ak SCP a.</p> <p>An fevriye 2004 , te gen yon koudeta, e yo te enstale yon gouvènman pwovizwa.</p>
2006 - 2007	<p>An 2006, yo te fè yon vizit sipèvizon sou teren. IFC te sijere pou konpayi an te aktyalize SCP epi mete yon pòs aplentan pou kowòdinasyon emplémentasyon SCP a, piske gen yon nouvo gouvènman e gen nesesite pou rezoud pwoblèm tè a . Kòm rezulta, yo te elabore yon SCP ki aktyalize an 2007 avèk sipò teknik ak reyakson IFC. Yo te pataje SCP sa a ak gouvènman an men yo pa t janm pibliye l.</p> <p>CODEVI te depanse 211,000 dola ameriken pou emplémentasyon aktivite devlopman komunitè SCP a soti 2002 rive 2006.</p>
2010	IFC te pran angajman pou yon lòt envestisman suivi an 2010 (HELP CODEVI #29598 ak prè CODEVI B #299864) anba HELP, yon pwogram IFC te mete sou pye pou bay prè ann ijans a kliyan yo te gen deja nan pòtfolyo yo apre tranblemanntè ki te frape peyi a an janvye 2010.
2014	IFC te angaje yon 10 milyon dola ameriken nan kad yon prè A pou ede Gwoup la ogmante efikasite 1 nan faktori yo ak nan volim y ap pwodui ann Ayiti (FCS RE CODEVI II #34687). Yo te pibliye ESRS ak ESAP an me 2014 pou pwojè kategori B.
2020	<p>An janvye 2020, moun ki te pote plent to te pran kontak ak IFC pou yo te pale de pwoblèm tè ranplasman an dirèkteman avè yo. An fevriye 2020, IFC te rankontre ak konseye legal moun ki te pote plent yo ann Ayiti e apre reyinyon a , IFC te fè efò yonfwa ankò pou l diskite ak gouvènman an konsènan tè ranplasman an.</p> <p>An mas 2020, yo te depoze yon plent bay CAO. CAO te wè plent la te elijib an avril 2020.</p>

ANÈKS B: KALANDRIYE PWOJÈ A AK ISTWA RELASYON AK GRUPO M

I. Kalandriye CODEVI



II. Rezime relasyon ak Grupo M

# Pwojè	Non Pwojè a	Ane angajman an	Montan ki te angaje a	Montan ki dekese	Dat dènye peman an
20744	Grupo M	2004	20,000,000	12,950,887	6/1/2016
29864	Prè Codevi B	2010	3,000,000	3,000,000	8/9/2017
29598	HELP CODEVI	2010	3,000,000	3,000,000	8/9/2017
34687	FSC RE Codevi II	2014	10,000,000	10,000,000	7/13/2021
	Total		36,000,000	28,950,887	

Apennidis 3: Deklarasyon kliyan an



Pak Endistriyèl Zòn Franch CODEVI
Vil Wanament , Depatman Nòdès, Ayiti

REPONS KLIYAN AN A PLENT CAO A SOU PLAN KONPANSASYON SOSYAL CODEVI/IFC



9 novanm 2023 .

Se Konpayi Developman Endistriyèl (CODEVI) ki prepare repons ki vin apre a pou l reyaji sou pwoblèm yo pale de yo nan plent yo te depoze CAO an mas 2020 e ki gen rapò ak konstriksyon yon zòn franch nan Wanament, Ayiti. Dokiman sa a prezante pwoblèm enpòtan moun ki pote plent la te pale de yo ak repons CODEVI ki vle montre plent sa yo pa chita sou anyen.

1. Kòman yo te komanse

CODEVI te afème gouvènman ayisen tè kote Pak Endistriyèl Zòn Franch la Konpayi Developman Endistriyèl (CODEVI) la konstwi a an 2003. Se poutèt tè sa a yo te deplase moun ki sou li anvan yo, se pou li tou yo te oblige konpase moun yo e pwosesis sa se te reposabilite Gouvènman an.

Malgre sa, CODEVI, anba direksyon politik ak pwosedi IFC yo, te devlpe yon pwogram ki rele Plan Konpansasyon Sosyal, ki gen kòm pbjektif prensipal pou l bay sipò a moun ki nan pwosesis konpasasyon pou tè yo te mete yo deyo sou yo e ki dwe jwenn yon lòt tè nan men gouvènman ayisen an pou yo ka kontinye travay agrikilti yo.

Sepanda, akoz reta sou bò ajans gouvènman an pou tè yo te pwomèt la, Plan Konpansasyon Sosyal Pwojè a te etann objektif li pou l konpanse epi ranplase kontribisyon sa a, e se sak fè Codevi te vin aplike yon seri pwogram pou benefis moun ki sou tè yo ansanm ak fanmi yo.

Finansman pwogram sa yo soti nan fon yo te bay Fondasyon Grupo M, e yo te bay fon sa yo dirèkteman nan Plan Konpansasyon Sosyal la. (Gade anèks yo).

An total, se **211,000.00 dola** ameriken ki te depanse soti 2002 rive nan fen 2006, e yo te bay yo pou yo fèw yon seri aksyon konkrè pou amelyore kalite lavi moun sa yo ak chak manm nan fanmi yo. (Gade anèks yo).

Yo te dekese 77,699.00 dola ameriken kòm konpasasyon dirèk pou espwopriyasyon tè a, pou benefisyè plan an , e li gen ladan l ni moun ki pwoprietè legal yo ,men tou moun ki sou tè a ak moun k ap travay sou tè a. Yo te pataje resi peman yo nan lòt imel avèk administratè plan konpansasyon yo.

Kòm eleman nan egzekisyon Plan Konpansasyon Sosyal yo, gen plizyè pwogram aktivite yo te fè avè objektif jeneral ki vin apre yo:

- Amelyore pratik agrikòl
- Ranfòse òganizasyon agrikiltè atravè fòmasyon yon kowoperativ
- Fè pwomosyon konpozisyon sosyal fanm
- Amelyore kalite lavi jèn yo
- Garanti entegrasyon ekonomik yo nan sosyete a

Pi ba n ap bay detay sou aktivite, pwogram ak peman yo bay benefisyè Plan Konpasasyon yo ke CODEVI te reyalize. Nou vle mete ann evidans lajan pou pwogram yo te egzekite yo se Fondasyon Grupo M ki te bay yo.

2. Peman :

Pou konpanse moun yo te mete deyò sou tè kote CODEVI te vin ye a, gen yon seri peman ki te fèt, non sèlman mèt tè yo te benefisyè men tou, jan nou te esplike sa nan kòmansman an, moun ki te sou tè a ak fanmi ki te benefisyè de sa yo te pwodui sou tè a.

Men kòman sa te fèt nan lò kwonologik:

- Nan dat 18 jen 2002, , yo te peye 35,699.00 dola ameriken otatal, e moun ki pote plent yo ki te resevwa l te libere GRUPO M / CODEVI pou montan konpansasyon an. (Gade dosye "Chèk ak demann peman Codevi 2004").
- Nan dat 21 novanm 2005, Ministè Komès te voye yon lèt bay Codevi pou l te mande prete 42,000.00 dola ameriken sa ki vo 1,827,000.00 goud, pou peye konpansasyon pou mèt tè yo te mete deyò sou tè kote Codevi ye a, e se Codevi ki te dekese kòb sa a. (Gade dosye "Rekèt Gouvènman Ayisyen pou prete lajan nan men Codevi").
- Nan dat 22 novanm 2005, Direktè Zòn Franch ann Ayiti, ki reprezante Gouvènman an, te rive Codevi kote peman premye kòb la te fèt epi moun ki te sou tè a te bay dechaj kikoresponn ak peman an.
- Se pat Codevi ki te peye prè a , lide a se te pou yo te konpase l ak afèmaj tè a, men nou gen prèv Codevi te peye gouvènman ayisyen an afèmaj la alè, jan yo te di sa nan kontra yo te siyen pou sa.

Pou sa ki di anlè a, Codevi te peye 77,699.00 dola ameriken pou mèt tè yo ak moun ki sou tè yo , e nou gen prèv la.

3. Aktivite ak pwogram ki te fèt:

Jan nou te esplike sa anvan , akoz reta ki te pran pou yo te fèt moun yo jwenn tè a, se Codevi, atravè Grupo M, ki te enplemente Plan Konpansasyon Sosyal la poukont li, lè l te mete sou pye yon seri pwogram ki te gen enpak sou tout benefisyè plan konpansasyon an ak fanmi yo. Tanpri sonje te gen 174 fanmi otatal olye de 50 fanmi lè yo te konte premye fwa a.

Sa te pèmèt yo vin gen plis konessans teknik , pa sèlman nan agrikilti men nan lòt branch mikwobiznis rive fè fanm yo plis otonòm, amelyore kalite lavi grasa yon pi bon sistèm sante, epi gen bon enpak sou lavi moun sa yo an jeneral, sa vin pèmèt yo jwenn plas yo nan monn modèn nan.

Pwogram sa yo se te sa ki vin apre yo:

PWOGRAM AGRIKILTÈ YO	
Objektif	Amelyore kapasite teknik agrikiltè ki fè pati SCP a epi fè yo gen plis konesans sou teknik agrikòl
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> • Fòmasyon teknik ak agwonòm pou amelyore sistèm agrikilti a • Atelye sou novo teknik pou plante • Atelye pou gen plis pwodiktivite nan agrikilti • Atelye sou otonomizasyon, antreprenary ak mikwobiznis. • Entegrasyon ptit agrikiltè ki enterese kòm anplwaye Codevi. • Asistans finansyè chak mwa
Kòb sa ap koute apeprè	US\$25,000.00

PWOGRAM POU FANM	
Objektif	Bay medam yo konessans nesesè pou yo kenbe kay yo
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> • Yon sosyològ ap fè yon pwogram otonomizasyon fanm • Fòmasyon nan kizin • Fòmasyon nan atizana • Fòmasyon nan antreprenarya • Sipò pou jwen kat idantite • Sipò pou jwenn paspò • Pwogram asistan jinekolojik konplè (n ap jwenn detay nan pwogram sante a). • Asistans finansyè chak mwa • Anboche moun ki enterese yo kòm anplwaye Codevi • Fòmasyon nan Sant Fòmasyon Codevi a
Kòb sa ap koute apeprè	US\$35,000.00

PWOGRAM SANTE	
Objektif	Sipòte tout manm fanmi benefisyè yo ki nan Plan Konpansasyon an e ki gen pwoblèm sante .
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> • Konsiltasyon medikal gratis avèk diferan espesyalis. • Asistans jinekolojik pou tout medam ki gen rapò ak Plan Konpansasyon an. • Kòbèy pou fanm ansent • Peman pou kontwòl medikal Republik Dominikèn, sa gen ladan I peman pou vwayaj ak lot frè sejou. • Peman pou chiriji Republik Dominikèn sa gen ladan I frè vwayaj ak sejou.
Kòb sa ap koute apeprè	US\$30,000.00

PWOGRAM ALFABETIZASYON	
Objektif	Aprann granmoun yo li ak ekri, sila yo ki bezwen sa.
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> Fòmasyon chak semèn pou aprann yo li ak ekri
Kòb sa ap koute apeprè	US\$5,000.00

PWOGRAM POU JÈN YO	
Objektif	Bay popilasyon ki ant 18-25 an konpetans nesesè pou yo ka jwenn travay nan peyi yo. .
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> Bous detid Fòmasyon kiltirèl Fòmasyon nan mizik Antrènman nan spò Sipò legal pou yo jwenn kat idantite Sipò pou nou jwenn paspò Anboche moun ki enterese kòm anplwaye nan Codevi Fòmasyon nan sant fòmasyon Codevi
Kantite kòb sa ap koute apeprè	US\$20,000.00

PWOGRAM POU TIMOUN	
Objektif	Ede pitit manm Plan Konpansasyon an nan devlopman akademik yo ak nan detant ki bon pou yo
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> Bous detid Inifòm Materyèl lekòl Sipò pou jwenn kat idantite Fòmasyon kiltirèl Fòmasyon nan mizik Antrènman nan spò Kado epòk Nwèl
Kantite kòb sa ap koute apeprè	US\$20,000.00

PWOGRAM POU SILA KI PI GRANMOUN YO	
Objektif	Amelyore kalite lavi moun ki gen plis pase 50 an epi ba yo sipò ekonomik.
Aktivite	<ul style="list-style-type: none"> • Fòmasyon nan modèl ekonomik aktyèl • Ed pou jwenn nouvo modèl antreprenarya • Ba tyo "bak sirèt" oswa lòt mwayen pou yo gen mikwobiznis • Asistans finansyè chak mwa.
Kantite kòb sa koute apeprè	US\$15,000.00

PWOGRAM ENKLIZYON	
Objektif	Amelyore kalite lavi manm plan konpansasyon an ki gen diferan kapasite.
Activities	<ul style="list-style-type: none"> • Fòmasyon pou moun andikape pou yo ka jwenn travay (avèg, moun soud, pou nou site sa yo) • Priyorite lè pou yo jwenn travay • Asistans finansyè chak mwa .
Kantite kòb sa koute apeprè	US\$3,000.00

TOTAL YO ENVESTI : US\$153,000.00

Kou pwogram sa yo gen ladan l:

- Anboche teknisyen entènasyonal pou bay fòmasyon
- Anboche tradiktè kreyòl
- Atik biwo
- Ti goute
- Frè pwofesyonèl
- Depans vwayaj

Lòt depans ki gen rapò ak valè **US\$58,000.00**:

- Idantifikasiyon tè yo ka sèvi avè yo
- Anboche teknisyen pou ede lokalize tè a
- Frè transfè ak reprezantasyon
- Konstriksyon tribinal

4. Total ki investi nan Plan Konpansasyon Sosyal la / Konklizyon

Nou ka wè Codevi te fè yon envestisman total nan elaborasyon ak aplikasyon Plan Konpansasyon Sosyal pou :

Liy	Montan an dola ameriken
Peman ki fèt dirèk	77,699.00
Pwogam ak aktivite	211,000
Total ki investi	<u>US\$288,699</u>

An konklizyon, jan sa parèt nan done yo ba nou yo , soti 2002 rive 2006, Codevi te fè plizyè peman ak diferean aktivite an favè benefisyè Plan Konpasasyon Sosyal la, ki te ale pi lwen pase sa yo te mande a nan pati teknik la e ki t ap gen ladan plis pase sa yo te atann kòm èd nan materyèl konstriksyon, ki te dwe ranplase pou rezon nou te di anvan yo.

Nou bay tout sosyete Wanament la ak Nò peyi a travay, sa ki vin gen enpak sou kalite lavi kolaboratè nou yo ak fanmi yo, ki fè pati gwo fanmi biznis nou an e ki se objektif prensipal plisyè douzèn pwojè ak pwogram sosyal konpayi nou an ap fè.

5. Pwosesis medyasyon CAO a

CODEVI te akeyi envitasyon CAO pou l angaje nan yon pwosesis medyasyon e li te patisipe nan tout sesyon ak reyinyon ak tout serye ak dezi pou l fini ak litij la . Avan ouvèti ofisyèl pwosesis la, nou te resevwa yon vizit CAO nan batiman nou yo pou nou te mete nou dakò sou règ medyasyon an.

Sepandan, moun ki te pote plent yo pa t ka dakò sou règ debaz medyasyon an e anpli de sa yo te sèvi ak lòt metòd presyon kont konpayi an tankou rele konopayi nan Leta an paralèl.

Konpayi nou an apresye sipò CAO bay nan pwosesis sa a , e li te repete nou nou se moun k ap pote estanda transparans yo byen wo, pandan ventan operasyon nou yo objektif nou se pou nou batay pou devlopman endividiyèl ak kolektif moun yo e l, kreye travay epi bay garanti devlopman sosyal. E n ap konitnye batay pou sa.

CODEVI an konfòmîte ak lwa anrapò ak respè obligasyon ki nan Plan Konpansasyon Sosyal la e, jan nou ka demonstre sa, fè plis pase sa yo mande l. Pandan plizyè ane nou te eseye fè dyalòg ak moun ki te pote plent yo, men sa pat posib pou fè sa te rive nan pwosesis medyasyon. Se sak fè li nòrmal kounye a pou ka a fèmen.

Apennnis 4: Konsiderasyon adisyonèl evaliyasyon an

Politik CAO a⁵⁶ bay konsiderayon adisyonèl yo dwe pran an kont pou evaliyasyon konfòmite a , jan sa parèt nan tablo ki vin apre a.

Pwovizyon politik CAO	Analiz pou ka sa a
Pou tout pwojè oswa soupwojè kote IFC/MIGA te retire kò I nan moman CAO ap fini ak evaliyasyon konfòmite a, kote yon ankèt te ka itil nan kesyon rann kont, aprantisaj ak aksyon reparasyon menmsi IFC/MIGA retire kò I. (para. 92a).	Yon ankèt nan ka sa a t ap itil anpil, li t ap pèmèt IFC aprann kèk leson sou zouti ak mwayen k ap nesesè pou asire yo pran an kont konsiderasyon ki rete pou fèt nan kesyon anviwònmantal ak sosyal nan ka envestisman ki repete ansanm ak kliyan yo; bay sipò pou bonjan enplemantasyon konsiderasyon anviwònmantal ak sosyal nan sitiyasyon frajil e ki sibi enpak konfli; ede asire moun k ap pran desizyon yo gen bonjan enfòmasyon sou pwoblèm anviwònmantal ak sosyal nan sitiyasyon sosyo-politik difisil; epi bay posibilité pou yo rann IFC konn ak lòt opòtinité pou travay a kolaborasyon ak lòt moun, pou repare tout domaj moun ki pote plant yo sibi e ke yo rive verifye nan pwosesis ankèt la.
Pètinans nenpòt pwosedi jidisyè oswa non-jidisyè ki fini, ki ann atant oswa ki ap fèt anrapò ak sa moun yo te pote plet pou li a (para. 92b).	Pa aplikab
Eske ekip jesyon an te demontre aklè li te byen jere pwoblèm moun ki te pote plent yo te pale de li a oswa ki te parèt nan demann entèn nan e li te suiv politik E&S oswa ekip jesyon an rekònèt li p at respekte politik E&S ki pètinan yo (para. 92c).	Pa aplikab

⁵⁶ Politik CAO, par 92-93

<p>Eske ekip jesyon an te fè yon deklarasyon sou aksyon reparasyon ki spesifik , e si , selon jijman CAO apre yo fin gade pwennvi moun ki pote plent la, si aksyon reparasyon sa yo te rezoud pwoblèm moun ki pote plent la pale yo (para. 92d).</p>	<p>Pa aplikab</p>
<p>Nan ka yon pwojè oswa yon sou pwojè yo te déjà fè ankèt konfòmite sou li, CAO ka: (a) fèmen plent la; (b) entegre plent la nan premye pwoesis konfòmite a , si li ouvè toujou, epi si plent la gen rapò ak menm pwoblèm premye pwoesis ankèt konfòmite a; oswa (c) kòmanse yon nouvo ankèt konfòmite si plent la se sou nouvo pwoblèm oswa vnin gen nouvo prèv ki disponib (para. 93).</p>	<p>Pa aplikab</p>



Apenndis 5 Tèm referans pou ankèt konfòmite IFC sou pèfòmans anviwònmantal ak sosyal parapò ak envestisman nan Codevi (#34687) ann Ayiti

Konsènan CAO ak fonskyon konfòmite

Biwo Konseye Medyatè a (CAO) se mekanis endependan Sosyete Finansyè Entènasyonal (IFC) ak Ajans Garanti Envestisman Miltilateral (MIGA), manm Gwooup Bank Mondyal la. Nou travay pou nou fasilité rezolisyon plent moun ki afekte akoz pwojè IFC ak MIGA yon fason ki jis, sa paspouki e yon fason ki poze baz pou lavni, pou nou amelyore rezulta pwojè anviwònmantal ak sosyal, e pou ankouraje yo rann kont a piblik la epi aprann ak IFC ak MIGA.

Endependans Cao ak enpasyalite l esansyèl pou konfyans patnè ki enplike nan pwosesis plent la. CAO endependan parapò ak ekip jesyon IFC ak MIGA se devan konsèy IFC ak MIGA li reponn dirèkteman.

CAO fè travay li selon Politik Mekanis Endependan pou Rann Kont nan IFC/MIGA (“Politik CAO”). Yo montre twa fonskyon li yo pi ba a. Pou plis enfòmasyon, vizite: www.cao-ombudsman.org.

Fonskyon konfòmite CAO a suiv yon apwòch ki gen twa etap ladan I:

Dispute Resolution	Compliance	Advisory
CAO helps resolve issues raised about the environmental and/or social impacts of projects and/or sub-projects through a neutral, collaborative, problem-solving approach and contributes to improved outcomes on the ground.	CAO carries out reviews of IFC/MIGA compliance with the E&S policies, assesses related harm, and recommends remedial actions to address non-compliance and harm where appropriate.	CAO provides advice to IFC/MIGA and the Boards with the purpose of improving IFC's/MIGA's systemic performance on environmental and social sustainability and reducing the risk of harm.

CAO's compliance function follows a three-step approach:



Kontèks ak envestisman

An 2014, IFC te apwouve yon envestisman 10 milyon dola ameriken ak Konpayi Developman Endistriyèl Endustriel, S.A. (Codevi), yon fillyal Grupo M. Envestisman t ap fèt pou sipòte pwogram agrandisman Codevi a, ki gen ladan I konstriksyon nouvo batiman epi acha nouvo machin anndan pak endistriyèl Codevi a. Yo te peye prè ki te fèt an 2014 la anvan lè an jiyè 2021.

Grupo M te vin tounen kliyan IFC an 2004 lè IFC te bay yon prè 20 milyon dola pou premye konstriksyon pak endistriyèl Codevi e pou I te mete premye izin li nan konplèks la. An 2010, IFC te pran angajman pou finanse operasyon codevi pou I sipòte agrandisman Grupo M ann Ayiti.

Plent la

An mas 2020, CAO te resevwa plent 174 fanmi agrikiltè k ap viv Wanament, Ayiti kote yo te di mwayen yo gen pou yo viv te vin bese anpil depi yo te fin mete yo deyo sou tè yo te genyen pou fè jaden pou Grupo M te ka fè pak endistriyèl Codevi a an 2002. Yo te di tou konpansasyon gouvenman ayisyen ak Codevi/Grupo M te ba yo a pa t apwopriye. Nan moman yo te depoze plent sa a, moun ki te pote plent yo pa t resevwa tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a jan te gen angajman ki te pran nan sans sa a nan Plan Konpansasyon Sosyal la (SCP), selon kondisyon IFC te mande pou yo jwenn aksè ak finansman an. Moun ki te pote plent yo te declare Codevi pa t janm enpleamente pwogram ki te prevwa nan kad SCP a e yo te vyole dwa yo ak pwoteksyon yo te dwe genyen sou baz Estanda Pèfòmans IFC yo. Apre moun ki pote plent yo ak Gouvènman Ayisyen an te mete dakò sou yon Pwotokòl Dakò an jiyè 2020, yo te bay moun ki te pote plent yo aksè ak yon tè ki pou te ranplase sa yo te pèdi a e yo t ap vin tounen Fèmye Leta an 2023; sepan dan, yo te di Codevi te kontinye pa respekte angajman li te pran nan kad SCP a.

Tèm Referans ankèt la

Kote, pou kounye a, rezulta pwosesis evaliyasyon CAO a se desizyon pou yo fè yon ankèt, rapò evaliyasyon CAO a gen ladan I tèm referans pou ankèt sou konfòmite a ki gen ladan I:

- a. *Objektik ak sa ankèt la ap gen pou I kouvri;*
- b. *Limit apwopriye nan sa ankèt la ap gen pou I kouvri, sa gen ladan I , pwoblèm yo jwenn nan etap evaliyasyon an, si gen pwosè k ap fèt , oubyen si IFC/MIGA retire kò I;*
- c. *Apwòch ak metòd envestigasyon , ak kalifikasyon spesifik konsiltan an; epi*
- d. *Yon pwogram pou diferan travay k ap gen pou fèt nan kad envestigasyon, lè yo gen pu yo fèt ak egzijans rapò yo. Pwogram sa a ap gen ladan I delè pou IFC/MIGA soumèt enfòmasyon pou I ka di kòman pwosesis ankèt konfòmite a ap dewoule.*

Objektik ankèt konfòmite a ak sa I ap gen pou I kouvri

Yon ankèt CAO detèmine si IFC te respekte politik E&S yo ki pètinan anrapò ak envestisman an epi si pa t gen domaj akoz pwoblèm konfòmite IFC yo. Nan detèmine si IFC te respekte politik E&S li yo, CAO mete ladan I, lè sa apwopriye, yon evaliyasyon pou konnen si IFC te devye parapò ak fason li aplike direktiv ak pwosedi yo.

Jan yo mete sa nan Rapò Evaliyasyon Konfòmite CAO a, CAO ap fè yon ankèt konfòmite anrapò ak envestisman IFC nan Codevi (#34687) ann Ayiti selon pwoblèm moun ki pote plent yo pale e jan yo dekri sa nan rapò k ap mennen nan ankèt la.

Parapò ak pwoblèm sa yo, objektif ankèt la se pou detèmine:

1. Si IFC te respekte politik E&S li, sa gen ladan I :

a. Etid anviwònmantal ak sosyal preliminè anvan envestisman ki gen rapò ak pwojè a jan yo mande sa nan Politik Dirabilite a, sa gen ladan I rezoud enpak negatif ki te pase ak sa ki la kounye a ansanm ak risk ki asosye a yon twazyèm antite , epi gade si etid E&S sa a apwopriye;

b. Revizyon konfòmite pwojè a ak egzijans E&S IFC yo epi

2. Eske moun ki pote plent yo sibi domaj oswa domaj potansyèl akoz pwoblèm konfòmite IFC a.

Sitou, ankèt la pral konsidere, anrapò ak pwoblèm yo pale nan plent la e ki merite pou yo fè ankèt sou yo, èske IFC te dwe mande aplikasyon, epi asire rezulta pwojè a ale nan menm liy ak Estanda Pèfòmans ki vin apre yo:

• PS1 – Evaliyasyon ak Jesyon Risk ak Enpak Anviwònmantal ak Sosyal, jan sa gen rapò ak egzijans pou idantifye epi evalye risk E&S pwojè a, suiv yon pwosesis ki mache ak bon pratik entènasyonal nan sektè a epi sèvi ak zouti ki apwopriye e ki pètinan pou fè evaliyasyon; diminye risk ak enpak E&S epi kote gen enpak ki rete nan kominate yo, bay konpansasyon; epi rezoud risk twazyèm antite yo.

• PS5 – Jwenn tè ak reyentalasyon envelopontè , jan sa gen rapò ak konpansasyon pou byen ki pèdi, restorasyon mwayen moun yo genyen pou yo viv epi responsabilite sektè prive anrapò ak deplasman aktivit ekonomik nan kad reyenstalasyon gouvènman an ap jere.

Anrapò ak pwoblèm konfòmite IFC ta genyen parapò ak egzijans E&S sa yo, ankèt la pral konsidere si moun ki pote plent yo te sibi domaj oswa gen posibilité pou yo sibi domaj.

Apwòch metodolojik

CAO ap baze ankèt konfòmite a sou enfòmasyon ki disponib pou CAO apati entèvyou, deklarasyon, rapò, lèt, obsèvasyon CAO fè sou aktivite ak kondisyon yo, epi lòt sous CAO jije ki pètinan.

Pwosesis ankèt konfòmite a ak rapò ankèt konfòmite a a[p gen ladan yo:

a. *Rezulta ankèt la anrapò ak konfòmite, kote ki gen pwoblèm konfòmite ak tout domaj ki gen rapò avè I.*

b. *Kontèks, prèv, ak rezònman ki kore rezulta ak konklizyon CAO anrapò ak rezon ki esplike gen yon pwoblèm konfòmite yo rive idantifye.*

c. *Rekòmandasyon pou IFC konsidere lè I ap fè Plan Aksyon Jesyon an (MAP) ki gen rapò ak koreksyon pwoblèm konfòmite nan pwojè a ak domaj ki asosye a, ak/oswa etap ki nesesè pou evite pwoblèm konfòmite alavni, selon sikontans yo. Nan ka yon pwojè kote IFC gentan retire kò I, rekòmandasyon yo pral pran an kont enplikasyon soti IFC soti a.*

Se yon egzijans pou gen prèv ki ase pou CAO ka gen yon baz ki solid pou rezulta ak konklizyon ankèt konfòmite a. CAO ap evalye si gen prèv IFC/MIGA te aplike egzijans E&S yo nan fason I ap konsidere sous enfòmasyon ki disponib yo nan moman pou yo te pran desizyon yo e yo pap fe konklizyon oswa bay rezulta lè sitiyasyon an fin pase.

Espè ekstèn

Selon pratik li ki byen etabli, CAO ap rekrite youn oswa plis espè ekstèn pou ankèt sa a. Pou ankèt konfòmite sa a , CAO konsidere kalifikasyon ki vin apre yo nesesè:

- Bonjan ekspètiz nan jesyon risk ak enpak anviwònmantal ak sosyal nan kontèks finans pou devlopman.
- Ekspètiz nan akizisyon tè ak reyentalasyon envelopontè, sitou nan deplasman ekonomik , restorasyonmwayen moun gen ppou yo viv, ak dwa anrapò ak tè.
- Abitid travay sou pwoblèm anviwònmantal ak sosyal nan Sitiyasyon frajil ki afekte akoz konfli (FCS) an patikilye ann Ayiti.
- Bonjan konesans sou politik, estanda ak pwosedi E&S IFC, sitou Politik Dirabilite 2012 la ak Estanda Pèfòmans 2012 la.
- Eksperyans ak konesans sou fason pou fè ankèt konfòmite.
- Bonjan kapasite pou analize politik ak pratik epi elabore pwopozisyon pou refòm nan kontèks enstitisyonèl ki konplèks; epi
- Konn pale Anglè, abitye ak Fransè/Espanyòl. Li ta bon pou l konn Kreyòl Ayisyen.

Vizit Teren ak limit ki ka genyen nan ankèt la

Depi sitiayson sekirite peyi a pèmèt sa , yon vizit sou teren nan kominote kote moun ki te pote plent yo ye a ap fèt pandan ankèt konfòmite a. Piske IFC di li pa gen okenn rapò ak Grupo M/Codevi, li ka difisil pou yo gen aksè ak reprezantan konpayi an a menm pou yo antre nan batiman yo. Kèlkeswa vizit ki ta gen pou fèt yo, ekip CAO ki sou dosye a, espè ekstèn e yon entèprèt/ tradiktè ap patisipe.

Pwogram ankèt konfòmite an, delè ak egzijans rapò

Selon Politik CAO¹, yon pwojè rapò envestigasyon ta dwe ap sikile ennan apre rapò evaliyasyon an disponib.² Y ap distribye yon pwojè rapò konfòmite pou dosye sa a bay ekip jesyon IFC a ak tout depatman ki konsène yo pou yo verifye si tout bagay kòrèk epi fè kòmantè. Ekip jesyon an ka pataje pwojè rapò a ak kliyan akondisyon gen mezi apwopriye ki anplas pou kenbe konfidansyalite pwojè rapò sa a avan yo fè l disponib pou piblik la. IFC ap gen 20 jou ouvrab pou l bay kòmantè alekri.

Anmenmtan, y ap distribye pwojè rapò ankèt la nan mitan moun ki te pote plent yo pou yo ka wè si tout bagay kòrèk epi fè komantè, depi gen bonjan mezi ki anplas pou kenbe konfidansyalite pwojè a anvan yo rann li disponib pou piblik la. Si pa gen mezi pou garanti konfidansyalite, moun ki te pote plent yo ap resevwa omwens yon pwojè tablo sou rezulta ankèt la pou yo gade si tout bagay kòrèk epi fè kòmantè epi sa ap sèvi kòm yon sous enfòmasyon pou konsiltasyon k ap fèt alavni sou nenpòt Plan Aksyon Jesyon (MAP) IFC.

Lè l fin resevwa kòmantè sou pwojè konsiltasyon nan men IFC ak moun ki te pote plent yo, CAO ap fini rapò ankèt la. Y ap remèt rapò final la bay ekip jesyon ki pi wo nan IFC a epi y ap distribye l bay Konsèy la pou enfòme yo. Konsèy la pap gen pou l fè modifikasyon sou sa ki anndan yon rapò ankèt konfòmite CAO. Yonfwa yo remèt rapò envestigasyonan bay ekip jesyon IFC a epi yo distribye l nan konsèy la, CAO ep fè piblik la konnen sou sitwèb li a ankèt la fini.

Lè CAO soumèt rapò final ankèt konfòmite a bay IFC, ekip jesyon IFC a gen 50 jou ouvrab pou

¹ CAO Policy, para. 121.

² Kòm yon mezi pwovizwa pou yo rive enplemante kalandriye politik CAO yo, nan ane fiscal 2024, CAO ap fini yon pwojè ankèt sou konfòmite nan 18 mwa apre rapò evaliyasyon an.

yo bay Konsèy la yon rapò jesyonpou l ka konsidere. Rapò jesyon an dwen gen yon MAP pou Konseù la apwouve. Yon MAP gen yon seri aksyon reparasyon IFC ap pwopoze e aksyon sa a yo gen yon lè pou yo fêt yon fason pou rezoud pwoblèm konfòmite ak domaj ki mache avè yo CAO jwenn yo ak domaj ki mache avè yo.

IFC dwe konsilte ak moun ki te pote plent yo ak kliyan an pandan pwosesis préparasyon MAP a, e rapò jesyon an dwe gen yon repons ki gen bon agiman ki pou defann li anrapò ak rezulta oubyen rekòmandasyon CAO yo sou pwoblèm konfòmîte yo oswa domaj ki mache avè yo IFC pa rive rezoud nan MAP la.

CAO ap fè kòmantè sou MAP yo pwopoze bay Konsèy la, epi moun ki te pote plent yo ka bay CAO yon deklarasyon sou MAP yo pwopoze a epi tou sou konsiltasyon yo pou di si yo apwopriye. E y ap distribye l bay Konsèy la. Yonfwa Konsèy la apwouve MAP a, y ap mete sou sitwèb la rapò ankèt konfòmîte a , rapò jesyon an , ak MAP la.